

UITGAVEN VAN DE KIRTYE LIEFRINCK—V. D. TUUK
TE SINGARADJA

JAVAANSCH-BALISCHE
HISTORISCHE GESCHRIFTEN

No. I

024/55

KIDUNG PAMAÑCANGAH

DE GESCHIEDENIS VAN HET RIJK VAN GELGEL.





SIDERE MENS EADEM MUTATO

UNIVERSITY OF SYDNEY
Fisher Library

KIDUNG PAMAÑCANGAH

024/55

CRITISCH UITGEGEVEN

DOOR

C. C. BERG



899.2221

K46

JI

I

291329

VOORWOORD.

Bij mijn verblijf te Singaradja in 1928 vond ik daar — voornamelijk in de waardevolle collectie lontar-geschriften van I Goesti Poetoe Djlantik — een aantal geschriften, die betrekking hadden op de geschiedenis van verschillende Balische vorstenhuizen, en die mij een welkome aanvulling waren van het materiaal van de Leidsche Universiteits-Bibliotheek, dat ik gebruikt had voor het schrijven van Hoofdstuk IV van mijn dissertatie¹⁾. De Resident van Bali en Lombok, de Heer Caron, was zoo welwillend mij in de gelegenheid te stellen dit materiaal te publiceeren als uitgaven van de onlangs gestichte Kirtye Lieftrinck-v. d. Tuuk. Voor zijn warme belangstelling en zijn krachtdadigen steun van het onderzoek aangaande de oude geschiedenis en de litteratuur van Bali betuig ik hem hier gaarne mijn dank.

Als eerste van de reeks geschriften, die Bali's eigen geschiedschrijving vormen, ziet hier de kroniek van Gelgel het licht. Gemakshalve noemen wij het werk „Kidung Pamañcangah”, al is „pamañcangah” eigenlijk meer een soortnaam dan een eigennaam, en al staat het op Bali ook wel onder andere namen, als *Pamañcangah Dalēm* en *Bali-Sañcaya*, bekend. Deze Pamañcangah vormt de basis van een groot gedeelte van de Javaansch-Balische historische geschriften; in sommige van die geschriften wordt de inhoud er van in het kort samengevat, in andere zelfs bekend verondersteld. Er bestaat naast de Kidung ook een proza-tekst, die geheel met het gedicht parallel loopt.

Voor den inhoud van dit werk verwijs ik voorloopig naar mijn dissertatie, Hoofdstuk IV. Na de publicatie van de teksten hoop ik de gelegenheid te hebben met een behandeling van het daarin vervatte nieuwe materiaal mijn vroegere publicatie te herzien en aan te vullen.

Leiden, 11 Juni 1929.

¹⁾ „De Middel-Javaansche Historische Traditie”, Santpoort, 1927; Hoofdstuk IV: „De Geschiedenis van het Rijk Gelgel”.

ntuseung betwangedelehid, het mis hobbis, overrechts. 6. vewloot
kraft wuzens heiligoschennis. 7. Pamidhi: nuenwom van Middhe
hepper; regel, wet, bevel, laot, noodlot. 8. vloerbaan, over-
somer, smelter, vloer. 9. cuddha = rein. zuiver, precies
stijf afschijnend, glans. beeld. 10. verhaal. 11. knijfloep der ge-
aken.

KIDUNG PAMAÑCANGAH.

AWIGHNAM ASTU!

Z a n g I (D u r m a).

1. Swasti¹ rājanugrahanira hyang Sūkṣma, ilangan ing duṣkṛti,² durmanggala³ ning rat, sawigraha⁴ ning ala, wipatha⁵ tulah⁶ Pamidhi, daṇḍopadrawa⁷, çinuddha⁸ ning hyang Widhi.
2. Manggēh winimba⁹ makamanggalēng kathā¹⁰ rājaputra apañji, Wijaya-Mottama, pinarināma¹¹ muwah, çrī Wīryātmaja andiri, ing Bali-rājya, Smarapurabhūpati.
3. Rum ning Kārttikāmangun harṣa ning citta, malih ramya ning pasir, wulusan acala, kuwong nika muny anglad, madhura somyâpet rawit, byakta amūrṇa, mada ng kung anahēn prih.
4. Pilih kongang makapangalap indriya, saka singit eng ati, dene wus aputra, wijil ing kaottaman, makapanuddha¹² awingit, palar keringa, sang wus amor eng Widhi.
5. Marmanya winṛddhi antuk ing wiguṇa, tattwakathā riniñci, winarṇa ring gīta, sampun cinitrēng karas, rinekhā ring tanah singi, warṇa cacahan, dūra n pada ring kawi.
6. Kawarṇaa ring kinawi çirṇanira, prabhu bhiṣeka nguni, anēng Bali-rājyâ, -nāma çrī Bheda-Mukha, paratranira apatih, Kēbo-Waruya, bhraṣṭa de nikang ari.
7. Wet ning wicitranira sirârya Damar, prajurit Maja-Pahit, lan sira kryan Mada, sirâdi ning opāya, prāgiwâ kasub eng bhūmi, sanusa Jawa, rēp dyam prasama ajrih.
8. Wīryaguṇa sang andiry eng Wila-Tikta, ndan makātmaja de, -nira çry Harṣa-Wijaya, prabhu Jaya-Mottama, tonēn rukan ing Kadiri, çrī Jayanātha, wus pinañjarēng uni.
9. Kāla-Gēmēt bhiṣekanira sang nātha, wyakti wijil ing lēwih, ndan sirēbunira, rahaden Dara-Pêtak, putring Malayu ing uni, sira tinawan, datēng eng Maja-Pahit.

291329
al. leed

10. Mantring Jawa rĕp prasama atur sĕmbah, kunĕng ken Pasung-Rigih, tan tumut paratra, bhraṣṭa ning Bheda-Mukhā, -nungkul asrah jīwa pati, wus pinañjara, ring Tangkulak-pradeçi.
11. Dadi ingampura denira kryan Mada, manggĕh makapalupwi, dĕmak pupūrnamān, tan-dwa ingadu sira, apranga ring nusântari, anĕng Çāmbhawa, siddha neng sandhi-sandhi.
12. Ndan sang amūrwa bhūmi oyĕng Çāmbhawa, krūrākārāngrĕsy ati, lwir detya si Mūkā, -nĕnggeh Dedela-nātha, lwir singha rodra angawil, swara lwir gĕlap, Cetramāsa angrĕsi.
13. Tan-dwātangkĕp prang kalih pada widagdĥā, -suwĕtānding kawanin, pada prakoçĕng prang, karwa maty adadagan, pangdan ing Widhya anapih, mĕsat hyang ātma, Hariloka inongsi.
14. Mangka tinĕmu dera sang macetanā, mati prawirĕng jurit, tan kawarṇa muwah, kunĕng sira kryan Mada, dadi rumasa eng ati, wet ning tan ana, sumĕngkĕng nusa Bali.
15. Dady atis-tis asamun Bali-pulina, çūnya tan panut gati, çā-sana wus ilang, rūkṣa tan anōpekṣā, nastāpa sira kryan patih, Dwirada-Mada, tumon ikang nagarī.
16. Wontĕn sira anāma Mpu Kapakistan, wīryaṇa susandhi, lwir hyang Basubhāgā, -nggĕh cūḍāmañyanira, Dwirada-Mada apatih, sira aputra, saking çela sawiji.
17. Wijil ing anak saking asthitiyoga, sāri-sāry angastuti, asūrya-sewana, saha citta nirmalā, -langgĕng tan kaanan gingsir, kotpĕtti-nira, Manasija iniṣṭi.
18. Ri gĕngira amupu tapsaring taman, makaparameçwarī, wusira saaras, apuputra sakawan, katiga laki sawiji, istrī listw-arja, lwir hyang ing Madhu-Pasir.
19. Ya ta tinadah dera Dwirada-Mada, ri jĕngira sang rṣi, ndan sang apuputrā, -nādhukārāmisarja, saha wacana amanis, lah sabhā-gea, denira kaki patih.
20. Yatika tinur wineh añakradhala, dera rakryan apatih, sira sang atuhā, -ndirya ring Barangbangan, sang ari sira sumĕndi, anĕng Pasurwan, kalih añakrawartī.
21. Sang i wĕkas sinuruh ing Bali-rājya, kunĕng sira sang ari, sang prabhu Sukanyā, tinur marĕng Çāmbhawa, gĕnĕp pangācāra malih, kang kawarṇaa, sumĕngkĕng nusa Bali.

22. Tan len mārganira amanggih keçwaryan, sira rakryan apatih, wet ning biṣanira, wyakti yan Nārāyaṇa, sakala sirāngutpĕtti, anĕng trirājya, siddha seṣṭi ning ati.
23. Ndan sira sang sumĕngka eng Bali-rājya, sinungan sarwalĕwih, sarāja-kadatwan, bhūṣaṇa kadhipatyan, pramukha khaḍga kakhyaṭi, pangilang durga, Gañja-Dungkul nāmĕki.
24. Pĕpĕk pangācāra ning prabhu mottama, wyakti tan ana malih, sira Gajah-Mada, dede pangemanira, sang kari wontĕn ing Yawi, sira sang lunga, tan-sah paran ing ati.
25. Tinut ing menak wijil ing Wila-Tikta, punang wangça sinaring, tus ning singhaçūra, wiyos ning Kapakistan, wyakti wijil ing Kadiri, sira kryan Madā, -miturunakĕn malih.
26. Kṣatriyawangça nguni duk karing Daha, is ning kāma sinṣṭi, bhattāra Kāraṇa, kampir ing nusa Jawa, çrī Kāmeçwara siniwi, sira awangça, parāryĕng nusa Bali.
27. Ginantyakĕn derāpatih Gajah-Mada, adwapangça tinut ing, sakramaanira, kunĕng çrī Kapakistan, brahmāngça mūlanyĕng (ng)uni, dadi kṣatriya, dene rakryan apatih.
28. Sampun prāpta eng Bali oyĕng Samprangan, rājyanira nṛpati, siniwi ning bala, titindih sakĕng Yawa, pĕpĕk sakadang ing mantri, kang kaparcaya, manggĕh makati-ati.
29. Ana dene sira ārya Kanuruhan, ārya Dalañcang malih, sira ārya Wangbang, Kĕñcĕng mwang Pangalasan, ārya Tan-Wikan Manguri, lan sira Wangbang, sira Kuṭa-Waringin.
30. Lwir apsara sasolahira tan ilang, sakrama ning mantry ādi, pada wruha tingkah, -irānĕng kuna-kuna, sabĕkĕl-bĕkĕlan açrī, akhaṇḍa-khaṇḍa, amikandĕl ing purī.
31. Malih wontĕn sira ārya Gajah-Para, sira tumĕkĕng Bali, nging sawuntatira, sira Kuṭa-Waṇḍira, umungsi anĕng kikisik, salor ing rājya, ring Toyāñar-pradeçi.
32. Nimitanya n mangkana dene wus bhraṣṭa, kṣatriyĕng Maja-Pahit, wangça Kapakistan, datĕng eng Bali-rājya, piturunira kryan patih, dadi sinurwa, weçya sanak katrīni.
33. Kang aparab Tan-Kobĕr kalawan sira, Tan-Kawur tuhu wani, kaprakāça eng rat, Tan-Mundur adhikāra, prasama datĕng eng Bali, sawuntatira, sira çrī aji Bali.

34. Wus alama pañjēnēngira sang nātha, anēng pulina Bali, mwang parāryēng kuna, nir dyam tang Bali-rājya, prakopānēng dusun thāni, tos Bali mūla, kari angulad-alid.

35. Lwirnya Batur Campaga Songan Kēdisan, Abang Pinggan lan Munti, Boñoh Tarobayan, Srahi lan Sukhawana, Panrajon lan Cintamani, Pludu kalawan, Manikalyu Patani.

36. Kunēng pangetan (n)ika Culik lan Tiṣṭha, Mārga-Tiga lan Muntig, Got lan Garbhawana, Lokāsana lan Juntal, Garintēn mwang Sēkul-Kuning, Puhan Wulakan, Simbantēn lawan Asti.

37. Watu-Wayang Kadampal mwang Pasēlatan, Bantas Turambēn malih, Carutcut lan Datah, Watu-Dawa kalawan, Kuṭa-Bayēm ika malih, durung kawawa, pinakādi ning ari.

38. Saprāptanira sirārya Gajah-Para, saka lor amētoni, umūrting Toyāñar, parēng wong tiga sanak, saka kulon kang lumindih, mangke wus andap, punang pradeça thāni.

39. Alawas-lawas malih tan kasopekṣā, manggēh tan trēp tang Bali, de çrī Kapakistan, tambis awantēn sira, maraa ring bhūmi Yawi, lagy apotusan, datēng eng Maja-Pahit.

40. Ndatan kawarṇa lampah ikang utusan, wus tēkēng Maja-Pahit, marēk angatura, andika çrī narendra, lingira sira kryan patih, duh tan pasunga, ngong cili angombali.

41. Ah pira rakwa çakti ning çatru apan, alah de ning ngong (ng)uni, kimuta mangkea, kapan ya sumamaa, lan gēbēlingsun puniki, yan mangkanaa, dede ngong Wiṣṇumūrti.

42. Iki si khaḍga ning ngong aturakēna, prasiddha jayēng ari, ndan katattwan (n)ika, pangrēs ing durātmaka, kasumbung ing bhūmi Yawi, si Pāñcjanya, kawwat de ning ngong iki.

43. Kalawan iki bhūṣaṇa kadhipatyan, aturakēnēng cili, ayo wañcak daya, den kukuhana rājya, lingira sira kryan patih, wus dinēma-kan, punang dūta wus amit.

44. Aglis lumampah mungguh sira ring Bubad, bahitranya angrawit, amasanga kilat, Tlagōrung kang dinungkap, ring Pajarakan anuli, anēng Pulwāyam, tinut rupēk ing pasir.

45. Angidal kongang punang kang Kapur-Añcak, andarung kang banawi, lintang eng Jambrana, ry Uman Bangkah kadungkap, palayarnya mudik milir, anēng Ganggā-Lwa, ring Tuban kang inongsi.

46. Anusur angetan mara ring Kēlahan, açrī tinub ing angin, prāpting Kadonganan, lastaring Kuṭa Mimba, Pewakan-Kidul anuli, wasāna sira, prāpting Rangkung-kikisik.

47. Lastary atuturun pēpēk kang gagawan, pasung rakryan apatih, anēng Wila-Tikta, punang dūta lumampah, angagrāngalor lumaris, prāptēng Samprangan, ndan kawarṇaa malih.

48. Eñjing kocapa çrī aji Kapakistan, sampun ahyas asalin, kam-puhira kṣṇa, sinrat Meṣa-Capaka, asabuk gringsing raradin, asisigen mas, arja mēnggēp raspati.

49. Tuhu rēntēb denira angrājasinghā, -nting-anting mañik ādi, asēkar dalima, saha pattra angraras, agēlung grēto tinapis, de nikang ēmas, garuḍa marēp wingking.

50. Ūrṇā mañimaya agēgēlang kaṇa, rakṣa jīwa tuhw açrī, akal-pika mingmang, adhikāra lumarap, kang rupēk umunggw ing tuding, olih añjaya, Lawe rakwānēng (ng)uni.

51. Anungkēlang khaḍga alandeyan dantā; -paparēmpon ingukir, tañjung kapatihan, bēk jinajawing mirah, sinalagēng mirah ādi, kakhyaṭing jagat, Gañja-Dungkul tuhw ādi.

52. Munggw ing pangastryan alunggw' ing palimanan, ring par-yangka candani, arja wus atilam, pramadami araras, pēpēk kang pēdang pangawin, tinatah ing mas, watang çwetārarawis.

53. Sakandaga lante sapayung sanggēpan, pēpēk kang adhimantri, alunggw' ing pasebān, poponga bhayangkara, Manguri çinikṣēng ling-gih, mwang Pangalasan, kanan ikang anangkil.

54. Sira prasama wijil ing Kapakistan, sira ādi ning mantri, Ñuh-Aya ta sira, apatih adēgnira, sirārya Wangbang tan kari, dēmung ta sira, malih Kuṭa-Waringin.

55. Tumēnggung sira Yadukula ṣinipta, ri wuntatira malih, sirārya Dalañcang, Kēñcēng ārya Tan-Wikan, Kanuruhan sira malih, Wang-bang Toh-Jīwa, sira padāti-ati.

56. Kapinguntat sira kyayi Gajah-Para, lor prēnahanirēki, nir sapagunēman, lan mantri tiga sanak, tan pendah batel ing tulis, warṇa amenak, atata kang anangkil.

57. Wus mangkana kañcit prāpta kang otusan, tumurun çrī bhū-pati, kang mantri sadaya, prasamāsalaḥ unggwan, ring natar sira alinggih, apan mangkana, purih ing Maja-Pahit.

58. Munggw ing untat punang mantrī samadaya, kang otusan karihin, marëk ing sang nātha, koñcar lingira Mada, sapawëkasirëng (ng)uni, çrī naranāthā, -rṇa sirānampeni.

59. Punang khaḍga lan bhūṣaṇa kadhipatyan, wus tinarima malih, lingira sang nātha, anut kami sabhāwa, -cakranira bapāpatih, tan-dwa tumingal, sirê sakweh ing mantrī.

60. Yayêniliran twas ing mantrī sadaya, anut saājñā aji, makādi andika, -nira sira kryan Mada, ginangsal dera nrpati, khaḍga si Lobar, wus rinangasuk anuli.

61. Malih kalawan bhūṣaṇa kadhipatyan, asandhibhāwa malih, sira çrī narendra, kāla nikang prakopā, -marëk ing çrī narapati, konus tang Lobar, denira çrī bhūpati.

62. Katon tang Durgā-Dingkul samy ātmanāda, rëp-rëp sarājya Bali, denira kryan Mada, nimittanya ingaran, Durgā-Dingkul angrësy ati, khaḍga si Lobar, lingira çrī bhūpati.

63. Lah iki kang khaḍga pasungira bapa, saka reng Maja-Pahit, ayo warang darya, ngong kumawwata sira, ënti harṣa ning sang mantrī, sahātur sëmbah, anuhun sājñā aji.

64. Sukha sang nātha sarwinira anginang, sampun awan sang mantrī, prasamāluwaran, kunëng sira sang nātha, mantuk maring dalëm purī, sinungsiung sira, dera kryan bini-aji.

65. Rātrī dina amukti raras ing tilam, apan sotan eng wilis, kadyangga neng kumbang, ngambung sārī ning sëkar, tan warsih pan rambang kāpti, atakër raras, paran sing 'ngucap (of : singucap) malih.

66. Mangkin lumra sëh prabhāwa ning amuktya, kṛta punang nagarī, nir juti mārāṇa, durga norāna wighna, tan warṇan çrī aji Bali, kang kawarṇaa, sang anëng Maja-Pahit.

67. Çrī Kāla-Gëmët ora bhikṣuka sirā, -bangun ala ning ati, laling parikrama, ning adhikrama nātha, amet rabi ning arabi, sira kryan Mada, angde runtik ing ati.

68. Wet ning prāgiwākanira Gajah-Mada, de ning opāya sandhi, antuk kāladeça, orëmira sang nāthā, -buh tan ana ning oṣadhi, amarasana, laranira nrpati.

69. Sira Tañca sinuruh dera kryan Mada, nayopekṣā sinṛṣṭi, mwang pangindrajāla, angde ilang ing lara, yan nora suduk marma ning, abëh maria, dulurën ing oṣadhi.

70. Mangga sira Tañca kinen anuduka, tan-dwa sinuduk dadi, paratra sang nātha, kunëng iki pun Tañca, sinuduk dera apatih, ring umpal-umpal, karwa sirāngëmasi.

71. Wus kalumra(h) ing jaba paratranira, sampun kalun eng bhūmi, tékëng parampara, sinuduk dera Tañca, pun Tañca wus angëmasi, dera kryan Mada, manggëh siddha neng gati.

72. Kang wong prasama tan wruh mārgaanira, saking rakryan apatih, wet ning biṣanirā, -ñidra de ning opāya, tan warṇan pati nrpati, kang kawarṇaa, rahaden putrī kalih.

73. Tan-sah dinama-dama dera kryan Mada, sirānggëh makara-wit, denira rahadyan, tan kurang parikrama, pëpëk pangācara malih, sapariwāra, sasolah ing putry ādi.

74. Ndan warṇanira kalih lwir çaçih këmbar, mangun harṣa ning ati, ring māsa Kārttika, endah lwir ing bhūṣaṇa, sinimbaran mañik wārih, añjrah lwir wintang, gumiwang ing awyati.

75. Tan këna ingupamā sararasira, wyakti guru ning manis, Lakṣmī ning sajagat, nāyaka ning kalangwan, ramya nikang pasir wukir, bhaya ta sira, mūrta hyang Sutā-Giri.

76. Winimba parwakāṇḍa anëng usāna, çrī dewī Indumatī, sinangṣiptanira, wontën ing swayambara, mangkana sira kryan patih, makadarçana, -nira sang putrī kalih.

77. Abhyāgata punang wong sa-Wila-Tikta, amangun pali-pali, sesi ning swāpita, tingkah ing rājakāryā, -paran si ingucap malih, sampun sapūrṇa, de sang subala lëwih.

78. Pinūjāstawa dera çrī Çiwa Buddha, astupungku tan kari, tëlās sakabwatan, sendikan ing amūjā, dakṣiṇānira sumaji, sami nëm-bëlas, kalap sami tan kari.

79. Strīnira kalih sama kinen angëmban, sira rahaden putrī, winehan dakṣiṇā, wolung tali tan kurang, da (of : ndah) istrī ñaleyog këñing, molih dakṣiṇā, ënti sukha ning ati.

80. Pinisëlang ta sira wontën ing pura, pinidamël tumuli, ri saswāttanirā (?), -manggih ayu sapūrṇa, dīrghāyusam awāpnoti, kawarṇa sira, sang makaswāmī kalih.

81. Wontën kṣatriya wīryānindyëng Koripan, sulakṣaṇa apëkik, wijil ing uttama, kadi gandharwarāja, swajatwanira sang putrī, sawawa sira, pada mūrta ning lëwih.

82. Kalih sang ajëngirânindyêng Gëgëlang, warna malër apëkik, nâyaka ning rimang, endah lwir widyâdhara, swajatwanira sang putrî, kalih sawawa, sirârdhanareçwarî.

83. Winimba Râmadewa kalih Lakşmaņa, ring mahâçûraçakti, jayêng raņasabhâ, mangke sira winarang, Kârttika basanta kalih, sami tan kurang, gëñëp sopacârâçrî.

84. Çinangkhapânya dera sang mahâdwija, çrî dang hyang aştâçani (?), wusira amûjâ, Smara ring pawarangan, karcanaan ing Smara Ratih, munglah ta sira, ring weçma tuhw angrawit.

85. Ramya ning rājya yaya Indrabhawana, wyakti sampun angalih, de nikang mas ratna, sapangâcârêng pura, ndan sang anawung saraçmi, ring jro ning tilam, tan warjan dina râtrî.

86. Pintën dina lawasira among raras, wyatara pañca çaçih, garbhiñi ta sira, karo wrddha ng lekirâ, -lara çrî parameçwarî, molah ta sira, sang anêng garbhapurî.

87. Kârttikamâsa wijilira rahadyan, lumra tang riris alit, awor samiraņa, amwat gandha ning sëkar, kumbangnya mendra angring-ring, angudang-udang, ry ampas madhu kasingi.

88. Patërnya mandra ri du kilyan angraras, himanyârang anipis, teja mawor kilat, andarunya tumiba, anisih prabhâ hyang Rawi, guntur parwata, mombak we ning jaladhi.

89. Lindu tanpântarâkeh panglingganira, sang hyang Smara kotpëtti, ring Yawapulina, lëwih çrî nâthakanyâ, alara kapati-pati, wong sajro pura, mar-mar atulung (of: marmarâtulung) gipih.

90. Çrî narendra ënti marma rasêng citta, -tunggw i sira sang rayi, dadya ta mijila, sang anêng garbha dibya, pinulung de sang maharşi, lan dang âcârya, sampun pinula-pali.

91. Çry Ayam-Uruk nâmanira saking bapa, denira anunggali, prabhâwa ning bapa, sira Smarawijaya, nâmanira sakêng bibi, apan Manmatha, ingarcana ing (ng)uni.

92. Sang ing garbha Wëngkër anulya mijila, nëmang lek pangaradi, -rânêng Wila-Tikta, wyakti yan surajanma, Açwino-dewa angdadi, dulur basanta, wyakti dewa ning manis.

93. Aya-Tular nâmanira saking bapa, kunëng saka ring bibi, Smara-Kajantaka, pinūjakrama sira, denira sang maharëşi, hyang Smaranâtha, ingiwak-iwak malih.

94. Ing kuna duk kararanira rahadyan, ingayam-ayam deni, -ra çrî naranâtha, marma ning Aya-Tular, nâmanira sang apëkik, ring Yawarājya, kalih mūrta ning lëwih.

95. Gajah-Mada sira gumanti abapa, de çrî parameçwarî, gumawaya rājya, pinatih bhadrawâda, tan singsal dera apatih, ring kaşteçwaryan, alawas-lawas malih.

96. Wahu sumrangmrang akşi sira rahadyan, çayan awëtu manis, kâtara ring tingal, kalih tan sama-sama, apëkik ahyang angrawit, wyakti ta sira, Smaramūrta pinalih.

97. Sasolahirândani rāga turida, tan-sah paran ing ati, ning adyah angarang, pamasaran ing tingal, añolong-ñolong saraçmi, amrih oşadha, sira jampyan ing wingit.

98. Wus kalumra(h) ing janapriya rahadyan, prasiddha jayêng ari, wiwekâdhiguna, tulya ring parākrama, çrî Harimūrta andiri, lagy ajajaka, durung yan owah kâpti.

99. Ndan sang aputra ënti bungah ing citta, yaya sira amanggih, swarga kary agësang, lëwih çrî nâthakanyâ, yayêng swapëna amanggih, sukha ning citta, wyakti tan ana malih.

100. Marmanira kalih anunggal ing citta, asrah sarājya malih, sesi ning kadatwan, apan çrî naranâtha, mengët eng tattwânêng (ng)uni, sang wrddharāja, sirâtilar nagarî.

101. Bhinagawân asalakaprabhon sira, tumut angrājarëşi, swajāti tan ilang, sirêng tattwâdhyâtmika, mārğa ning andungkap lëwih, waluyanira, anêng nişkalajāti.

102. Ndan sira sang andiri anêng nagarâ, -dharmasatya susandhi, prägiwākëng jagat, rëp tan wany alangghana, bhraşta ning Sundânêng uni, tëkan ing Cina, Sawungkul ndatan kari.

103. Tungkulnya linga n bhakti kṛtadīkṣita, wet ning kawidagdhanî, -râpatih matuha, sira jumalagraha, lan patih Madhu mwang Gowi, Lëmbu ra Bungsang, lan patih Mārğa-Lëwih.

104. Sira Mëñjung ra Tëtëg sirârya Damar, wrddha sira pinatih, sah ing Wila-Tikta, sirândiryêng Palembang, kyayi pun Jaran-Panolih, oyêng Madhura, siddha angadhupati.

105. Wet ning wicitranira sira kryan Madâ, -masang opāya sandhi, kasūkşman ing naya, nora këna pinadan, wëkasan sira kryan patih, Madhu wihikan, wus karasa eng ati.

106. Wicitranira kryan patih Gajah-Mada, amasang sandhi-sandhi, kuněng çrī narendra, Ayam-Uruk wus wikan, makādi sira sang ari, aněng Urawan, wruh ri sandhi ning gati.

107. Kuněng sirārya Damar sampun paratra, wěkanirānggan-tyani, suměnding Palembang, kuněng aněng Samprangan, wus lina çrī aji Bali, ndan kawuwusa, sang aněng Maja-Pahit.

108. Kalih malap-kěna sira çrī narendrā, -manggala sirāpatih, Madhu sama sanak, tan len kang linocita, wiçirñanira apatih, Dwi-rada-Mada, angde wişti ning gati.

109. Aněmbang pangarah muni tanpāntara, kang wong prasama mijil, gipih adan çara, eběh kang sakamārga, sarūpānēng Maja-Pahit, orěg abyuran, katěkēng tēpi-siring.

110. Saha sañjata tunggul mwang tatabuhan, wāhana kuda hasti, aněngguh wontě prang, saka ring nusāntara, prāpta lumurug nṛpati, agarawalan, mantrī tan wruh eng gati.

111. Prasama prāpta parěng mēnděk aněmbah, ing jěng nṛpati kalih, jinawuhan ujar, patih Madhu midārtha, rehira rakryan apatih, kinen ambhraṣṭa, denira çrī bhūpati.

112. Nuli tiningkah dinum lampah ing balā, -ngěpung rakryan apatih, biněběng kadatwan, -ira ken Gajah-Mada, surak asru angiděri, kagyat wongira, tan wruh paran ing ati.

113. Anangis alara akusa(h) eng natar, sambat-sambatnyāmlas-sih, duh dewa pangeran, paran polahanira, pakanira karyēriki, duwěg minggat a, -nusup eng çūnyadeçi.

114. Yan nora mangkana lah dewa mijilā, -měkuli jěng nṛpati, aněda sanmatā, -malaku sinampura, palar ana sih nṛpati, sinwecchā jīwa, karyāwaras eriki.

115. Ndan ken pinatih lěnglěng kaya tan ing rat, pětěng rasa ning ati, kadi tan pajiwā, -niba sirāgulingan, kantaka tinulung gipih, dene wongira, asasambat anangis.

116. Kuněng sira kryan patih mijil ing pura, tan ana wong ngawruhi, lumaris ta sira, ri tēpi ning sāgara, wontě bañyagā ka-panggih, ya ta sināntwan, dera rakryan apatih.

117. Malih wontě punang wong pinangguhira, -ngrungu çabda bhattāri, kon Mada mantukā, -pan dene wus alawas, ring madhyapada amanggih, sukha wibhawa, mangka ling ning hyang aswi.

118. Wruh mangke sira Mada tralayanira, samayanirěng uni, mantuk ing acintya, mojar sirěng majaya, wawa ngong tělěng ing pasir, ngong nggañjarana, kita mañik ing puri.

119. Silihana ngong petě rāja-kadatwan, lawan ikang mas mañik, wastwa ngong anunggal, rūpa kalawan kita, ngong mangke mantuk umor ing, acintya çūnya, mokṣa sira anuli.

120. Wus mokṣa sira mantuk punang bañyagā, jumujuk eng jro puri, ndan ring rūpa samplah, tulya sira kryan Mada, garjita nyayi pinatih, yaya kodanan, amṛta is ning çaçih.

121. Pinarěngan luwar sakweh ning sañjatā, -ngěpung rakryan apatih, pan wus kaatura, tan ana kary eng umah, mokṣa tan anā-ngawruhi, wikan sang nātha, dewajanma angdadi.

122. Malih kawarṇaa ken pinatih prāpta, marune ndatan kari, prasama angayap, ěnti sukha ning citta, tan keděp sira ginanti, de ning majaya, tulya sang wus alalis.

123. Ingaturan paesan lan toya çoca, sėkar sampun sumaji, adulur tigasan, pan sotan ing kabongan, tadah sama alěp açrī, inum-inuman, arak brēm aweh lěgi.

124. Ndatan ilang sararas ing kadhipatyan, paṭāraṇa sumaji, arěp ing tadahan, ingaturan anadah, kang angayap samātiti, apan mangkana, polahe rakryan patih.

125. Pun bañyagā ingaturan wasěh hasta, kumětěr asmu isin, pan ðurung mangkana, duke kari ri umah, manguntur dene ambhukti, yan tadah toya, tulang kalapa ugi.

126. Sigug akal alungguh kolug angrangkah, tangane patiambil, kady asmu keměngan, dene akeh kang iwak, adodohan denyāmbhukti, inum-inuman, pingaṣṭa ndatan panggil.

127. Dadya warě-warěge mangoñang asa, angsule gadang kuning, awor lan puriṣa, çocane nēgak-nēgak, ken pinatih asmu gipih, atulung sira, awėkasan anglilir.

128. Malah sore wontě yan tunggang acala, enak dene anglilir, ndan ring rātrikāla, mungguh ring pagulingan, kinanti ninya pinatih, wus ing saaras, bhinna tan kayěng lagi.

129. Dede sararase lan sira kryan Mada, wruh sira ken pinatih, binañcana ning hyang, (ng)lampus angañut jīwa, alaběh er tirañca ning, mañikoçala, tan kawarṇaa malih.

130. Ndan kawasita sang anêng Bali-rājya, līnanira çrī aji, Kṛṣṇa-Kapakisan, mantuk sira ring taya, amiṇḍa ring nirākṛti, sira amēkas, putra jalu katrīni.

131. Punang panuha raden Agra-Samprangan, manggēh maka-pandiri, -nira sang wus ilang, hīnaguṇa ta sira, arang ta sira tinangkil, pijēr ing purā, -mbhukti rum ning saraçmi.

132. Ile ta sira tan-sah anglingling chāyā, sira maarja weṇi, tap ning susunggaran, pane pangilwanira, aesi toya saganing (of saga 'ning?), çuci nirmala, kongang chāyā pinasti.

133. Kālanira maarja punang kakampwan, mūlanira ring eñjing, prāpta ng dawuh tiga, durung butus denira, kunēng ta sira sang ari, raden Turukan, edan sira tan eling.

134. Wontēn kadangira strī saking pradhāna, palakennya ring wāji, kunēng sang i wēkas, wuruju parnahirā, -bobotoh sirāngulēsir, ing rūpa guṇa, wyakti tan ana pingging.

135. Punang panggawa tumut para anglurah, asring sira anangkil, tan olih marēka, marmanira kemēngan, tan wruh paraanirēki, kunēng pun Klapo, -dyāna malih anangkil.

136. Eñjing mūlanira duk tēkēng Samprangan, ring pangastryan alinggih, sor ikang açoka, asring asalāh çīla, pūrwamukha sirālinggih, len udangmukha, durung ta sira mijil.

137. Ewēh sira pun anglurah Klapodyāna, dene tan labdhēng gati, angambul ta sira, sah saking panangkilan, adoh denira lumaris, kañcit sang nātha, mijil sampun abīci.

138. Kalih kamagan pada tan labdhakārya, nora kari sawīji, kang wong ring pangastryan, bhraṣṭa prasama budal, kunēng sira çrī bhūpati, malwi ring pura, asisiwo lan istri.

139. Ndan kocapa malih sira Klapodyāna, lampahira lumaris, marēk ing rahadyan, wontēn ing pamlandangan, kālanir' hārṣa ajudi, ndan asmu erang, mangke sira tinangkil.

140. Wēkasan umatur sira Kubon-Klapa, ri sira raden cili, duh singgih pangeran, pun Kubon umatura, den ṛṇa sirānampeni, mangke rahadyan, makatuhan puniki.

141. Sirāka pakanira raden Samplangan, tan kawēnang tinangkil, angepon kawula, tan olih umarēka, ring eñjing dalah alingsir, pijēr ing pura, apopyan lan istri.

142. Lah mantuka pangeran sira sinewā, duh sampun walang ati, pun Kubon angayap, ri jēngira pangeran, sang liningan alon angling, ah isin sira, rehira karya miskīn.

143. Aduh bapāparan si kaguṇan ing ngwang, mangke sun maka-gusti, tan yoga sinewā, apan isun niṣṭhura, pun Kubon umatur aris, aduh pangeran, sampun mono sirēki.

144. Tan len pakanira angawulakēna, pun Kubon angaturi, mantuka pangeran, anēng Swecchānagara, umah kawula dewāmbil, kawula dewa, angaly' eng Kubon-Tiris.

145. Mangga sang inaturan nuli lumampah, prāptēng Swecchānagarī, mañjing ing pakuwua, -ne pun Kubon-Kēlapa, kang akuwu wus angalih, ring Kubon-Klapa, jēnek sirākikiwi.

146. Malih kocapa duk sira rājaputra, durung sira siniwi, dene Klapodyāna, lunga sira ring Pandak, inupakāra siniwi, dene wong Pandak, bhaktinipun agusti.

147. Wacananira nguni duk karīng Pandak, pilih sādhyā ambhukti, dalēm ing sarājya, sira andadekēna, kang wong Pandak makadeçi, awangça sanghyang, phalanipun subhakti.

148. Malih kālanira maring Smarajaya, tan tinurunan de ning, kuww ing Smarajaya, dene bhangga tur mūrkhā, çināpa denirēng uni, sakulagotra, juru kuwuk pabacin.

149. Mbata batu(r) sawatēkipun mrajaka, phalanipun tan bhakti, ya tērēh pajamban, mangke malih kocapā, -langgēng çrī aji siniwi, ring Swecchāpura, embēh wīryāguṇādi.

150. Sama prāpta punang parārya marēka, sumewā jēng nṛpati, rēp samātur sēmbah, çighrāmaarja kuṭa, tumirw anēng Maja-Pahit, wyakti tan ilang, sapakēkēs ing purī.

151. Dwāranyāgung angungang lor wawantilan, pikandēlan arēsik, mwang para panggawa, padāmanguna kuṭa, wontēn ing Gelgel-nagarī, sampun sapūrṇa, khinaṇḍa-khaṇḍāngrawit.

152. Bangun Indrabhawana punang nagara, saracanalēp açrī, pēnuh ning pakuwwan, endah Pāṭalirājya, abang sēnē ning awyati, prabhā ning bata, sapangrēngga ning purī.

153. Kang panggawa atata kadi ring surat, lwir widyādharma malih, rūpane amenak, wijil ing kaottaman, wyakti titik ing Kadiri, kryan Patandakan, sira ādi ning mantri.

154. Wētune kapingsor Pinatih ta sira, Panataran kinanti, pan tus ārya Wangbang, tinut ing Klapodyāna, Tabanan mwang Tēgēh-Kori, Kēncēng ta sira, sama sirāti-ati.

155. Ārya Bēlog Buringkit lan Kaba-Kaba, ārya Toh-Jiwa malih, sira Pring Cagahan, Sukahēt sami Wangbang, Pangalasan mwang Manguri, ārya Dalañcang, tinut kramādhimantri.

156. Camanggawon Pacung malih Abyan-Sēmal, Cacaha samy alingguh, mantring Gajah-Para, kabeh adwapayana, mūla tus ning Maja-Pahit, manggēh tan ilang, solah swabhāwēng uni.

157. Pintēn ing warṣa kāla pañjēnēngira, anēng Swecchānagarī, nir juti māraṇa, kṛta punang nagara, byakta sang hyang ing Toh-Langkir, angawatāra, kalih Smarāngutpētti.

158. Apēkik warṇanira kaya Arjuna, wyakti tan ana malih, tan mimbēng manuṣa, gēñp ring aṣṭagaṇa, mangkana çrī aji Bali, malih kocapa, sang nāthēng Maja-Pahit.

159. Çrī Ayam-Uruk prabhu añakradhalā, -sārah wīrya tan pingging, ratu ning utama, wiyos ning Kauripan, tēkēng nusāntara ajrih, samy atur sēmbah, asraha jīwa pati.

160. Pinarēk sira alunggw' eng palimanan, angungang pasir-pasir, lor ikang pangastryan, manggala ning asebā, patih Madhu Mārga-Lēwih, Tētēg ra Bungsang, Lēmbu-Wṛddha pinatih.

161. Kang ginocara dera çrī naranātha, umundangēng parāji, prāptēng Wila-Tikta, kaparēka lan sira, makādi çrī aji Bali, mwang Barangbangan, Pasurwan ika malih.

162. Palembang sutanira sirārya Damar, muwah Jaran-Panolih, sirānēng Madhura, nguni sampun paratra, anaknira angganyani, sira inundang, datēngēng Maja-Pahit.

163. Mangkat kang otusan anunggang banawā, -mbabar layar angrawit, aglis kapawanan, tan koninga eng mārga, wus tēkēng paraanēki, lagi atulak, kang otusan wus prāpti.

164. Ring basanta daçamī çukēlapakṣa, prāptanira parāji, samangka katura, ring aji dewanātha, sukha sira çrī bhūpati, kinen bhūṣanan, lēbuh eng Maja-Pahit.

165. Tēkēng wanguntur eng pasar sakamārga, tan kocap ana malih, ana ring pangastryan, pada natar awastra, mūlya wijil ing banawī, meh panamaya, sampun ing dina rātri.

166. Kawarṇaa sang anēng Lingg'-hārṣapura, adan sirāngajawī, pinarēk ta sira, de ning mantri samantā, -manggala sira kryan patih, munggw ing bale bang, pēpēk sakadang mantri.

167. Mantri pura prasama parēng asebā, ndan kapinguntat malih, mantring Gajah-Para, rūpane padāmenak, tan pendah batel ing tulis, pantēs ta sira, *sinoman* eng nagari.

Z a n g II (S i n o m).

1. Kunēng sira çrī narendra, sampun ahyas tuhw angrawit, akampuh kētas saka lor, dinrawēng mas kaduk manis, awastrāpik rinukmi, awarṇa meghāwun-awun, asabuk gringsing Pāṇḍa, -wajaya dinom ing rukmi, abapang çyāma bēk de ning mañimaya.

2. Lēnggang ning bāhu angraras, pamulw ajēnar awilis, rema apañjang angrebo, lwir jalada amēm riris, tinapuk ing kirīti, ginaruḍa marēp mungkur, bēk de ning nawaratna, muntab punang cūḍamañi, wintēn murub, amagut rum ning nayana.

3. Agēlung sinupit urang, anting-anting mirah ādi, asēkar sumanasa pī, -ta arja rinon-don rukmi, apinggēl kaṇa kalih, kēmbang sēdah atētēbus, tridhāt看 angrakṣa jīwa, akalpika roro sisih, çaçarudhira rupēk ring tumuduhan.

4. Arja sipat bot Pakudan, embuh ri manis ning liring, lwir madhu mijil ing panon, anusah prāṇamatyani, sakukuhan ikang stri, tan wandhya atēmah lēbur, wyakti yan Manasija, hyang Mahādwāngutpētti, kaduk bagus, amangun harṣa ning citta.

5. Gēsēng ning lati tan ilang, waja wuryan ing asisig, byakta mañik toya katon, pan wahw anginang pingkalih, gisi-gisy asmu randi, tan pendah angēmu kapur, lwir tumetesa kilang, awor gula drawa mijil, marma ning lēnglēng wong tumona ri sira.

6. Wuru gadung angulañjar, parawan sama kagingsir, kewalyāntuk sapadulon, drawa syuh nāla ning ati, tan-sah isi ning lati, sang kadi hyang ning manobhū, lēwih wong añar tumon, nora kāçcaryan angakṣi, wong jro pura asring tan urung kagiwang.

7. Derālunggw' eng pātarāṇa, sasolah mēnggēp raspati, akris alandeyan kawot, mas piṇḍa Bāyu angrawit, tinrapan mañik wārih, abhrā. asēlut bang biru, khyāti si Tanda-Langlang, wyakti kajrihan ing ari, dene mungguh, astra sang hyang Nārāyaṇa.

8. Pēpēk pangācāranira, lante sapayung pinandī, kadi candrawimba katon, kēñar ing wiṅangka mañik, lwir wintang ing awyati, kakalihan anēng pungkur, açoca ratna kahot, pēdang pangawin paresi, dadap çangku, rinawisan komalābang.

9. Tameng Bali saha watang, arja jiniñjring rarawis, inuparēngan eng paros, khinaṅḍa-khaṅḍa angrawit, prasama amarpit, pantēs denyātap alungguh, wontēn apapalayon, darih wungkuk ujil-ujil, ring manguntur, çela pada kawigaran.

10. Ri jro ning carangcang kawat, pēpēk punang para mantrī, sopacāra açrī tinon, prasama anandang lēwih, endah lwir gunung sārī, kāçcaryan punang andulu, kidēpe tan manuṣa, gandharwāpsarāngutpētti, munggw eng ayun, sira rakryan Patandakan.

11. Manginte kinantinira, Singharṣa lawan Pinatih, Manguri mwanng Pangalasan, Klapodyānātap alinggih, Buringkit Tēgēh-Kori, Abyan-Sēmal lawan Pacung, Camanggawon Cacaha, Tabanan Cagahan lan Pring, Pagatepan Brang-Singha Tangkas Toh-Jiwa.

12. Sukahēt lawan poponga, bhayangkara samānīti, angayap i jēng sang katong, kinen sira samālinggih, atata kading tulis, tan iwang tingkah ing laku, nguni ring Wila-Tikta, norāna mumik sawiji, rēp tumungkul, sira sama atur sēmbah.

13. Mesēm sang kadi kadarpa, saha wacanālon angling, e Patandakan kami ki, -nen denira çrī bhūpati, datēngēng Maja-Pahit, kita parēnga lan ingsun, kita po Klapodyāna, seringa kita Pinatih, den tumutur, ngong marēk eng Wila-Tikta.

14. Den srēgēp ācāranira, manuta sangṣiptēng aji, angayap i jēng sang katong, pratyakṣakēn den abēcik, saha smita amanis, pasangēn den aywa kolug, krama ning nawanātya, srēgēpēn kang adhimantrī, tuminda smita raras ing Wila-Tikta.

15. Mangkana andikanira, sang liningan atur bhakti, katiga umatur alon, duh sājnā çrī mābhūpati, tan wiwal patik aji, patik bhaṭṭāra anuhun, andika çrī narendra, trus katēkēng antahhrđi, den kasuhun, katēkēng dwādaçānggula.

16. Malih mantrī tiga sanak, kinen tumuturāngiring, anuhun ājnā sang katong, sang kari kinen akēmit, angrakṣaa ring purī, prasama sukha anuhun, nora wany alangghana, sapanitah çrī bhūpati, wus awan lēbar parēkan çrī narendra.

17. Kang anangkil sami luwar, kunēng sira çrī bhūpati, lumaris

ing jro kadaton, saprāptanira ring purī, sinungsung de ning rabi, madēg sopacārēng dangu, krama ning adhināthā, -namtami seṣṭi ning ati, wus anēmu, cakrawartī ning araras.

18. Tan kocapa rātrī dina, pamungpungirēng karaçmin, amukti rum ning paturon, among raras ing pawestrī, kadyangga ning puṣpalit, angisēp sārī ning santun, tan kawarṇaa mangko, kunēng kawarṇaa malih, prāpta ng çubhadiwasanirāngajawa.

19. Tucapa sang ing Palembang, wus mungguh sirēng banawī, ndatan kawarṇaa mangko, ring Bubad sira wus prāpti, kunēng sirādhipating, Madhura sampun tumurun, mangko ring Pajarakan, sang i Brangbangan wus prāpti, hastī turaga pēnuh samāngiringi.

20. Sapuluh wēgung ring awan, kunēng kawarṇaa malih, sang ing Pasurwan sang katong, tigang dintēn sira prāpti, akeh kang kuda hastī, wāhana tan kēnēngitung, apan mangkana rēko, sang kṛtakīrtyawīryādi, Candraketu, anupamānurāgēng rat.

21. Ndan sang ing Bali kocapa, iniring ing tanda mantrī, lampahira açrī tinon, banawanira angrawit, māyā kasturī mar mrik, sarwapuṣpa kang winangun, piniṅḍa grha latā, inuparēnggēng banawī, amangun kung, lwir saking Smarabhawana.

22. Pan sang lunga abanawa, Manasija angutpētti, wyakti mūrṭi ning kalangon, anarīra rāga kingking, sārāh wīrya ning manis, papupul ing madhu juruh, panangsāra ning panon, oṣadha ning anggung wingit, jampyan ing kataton cinarik ing unang.

23. Mangkana sararasira, tinut ing parādhimantrī, rūpane pantēs kinahot, kryan Patandakan Pinatih, marapit sana-sini, pētak banawane luhung, lwir langē ning basanta, Kārttikānggēh senāpati, hyang Atanu, manggēh sira Kubon-Klapa.

24. Prakṛti ning bāhudaṅḍa, katarēng tingal prajurit, pantēs yan anandang kahot, kaparcaya mūlēng unī, yaya batel ing tulis, pratiṣṭha ing rāja-tamu, sambong sugala kṛṣṇa, alayar taluki randi, yan ring ayun, tan pendah pun Jagawastra.

25. Tinut ing para kaāryan, amenak akung angrawit, abanawa açrī tinon, layaripun lungsir randi, sakēng Tatar-nagarī, kang piniturun ing dangu, duk karugan ing Daha, dera çrī Wijaya-aji, tēnggranipun, banawa sakarang-karang.

26. Asari-sari ring mārḡā, -pan sotan ing lagy awilis, sumēlang sirālalangon, ring ulusan mwanng ing pasir, oyēng Mimba sawēngi.

ring Kuṭa sira sawēgung, tinut mara ring Tuban, kang akuww ing Tuban gipih, tumuly abhyāgata pun atur tadahan.

27. Asārah-sārah drawiṇa, arak bras len arak anis, jiniwir len arak anggor, gula manggala tan kari, kang teh sampun sumaji, manisanane tan ketung, lawan ulam sāgara, mangkana rakwa pinanggih, sang anēmu, prabhu cakrawarting sarat.

28. Malih ring eñjing lumampah, andarung punang banawi, Kēlahan lawan ing Kado, -nganan Seseh wus kawingking, Ganggodaka lumaris, Bangkah ry Uman wus tan ketung, kongang punang Jambhana, acangcang tēkang banawi, pinarēk ing jong tinonton wong sakawan.

29. Atuturun kang baṇyagā, -met toya saking banawi, sakulēm sira araryan, ring eñjang sira lumaris, akeh wong ing pasisi, sēmang mangu kang andulu, idēpe tan manuṣa, hyang Smara sira anglanglang, sakalangun, iniring ing widyādharma.

30. Kalintang eng Kapur-Añcak, panabrang ikang banawi, yaya mukṣa lēyēp tinon, amiñḍa ring we ning pasir, angalor anuṭ pinggir, sāgara rupēk linakun, prāpta sirēng Pulwāyam, Pagamētan kapairing, kang Tlagōrung, kalintang eng Pajarakan.

31. Akeh punang aniningal, lanang wadhon rare cili, kunēng kawarṇaa mangko, katattwan ing bhūmi Jawi, mpu Dharmaja ing uni, mrākṛta ring lambang kidung, ling ing Candapurāṇa, pustaka hyang Kumāra sing, -sal ing dangu, tiba saka ring Kaçmīran.

32. Çināpē hyang Girirāja, wastw atēmah nusa Jawi, agung pañjang açrī tinon, langē lwir swarga angalih, rama nikang nagari, paturunan hyang Manobhū, sira dadya manuṣa, panitah çrī Paçupati, dadya prabhu, añakra ring nusa Jawa.

33. Wetnya sih çrī Girisutā, duk sirācangkramēng uni, datēng ing Sumeru katon, bhasma hyang Anangga mar mrik, engēt rakwa bhāṭṭārī, marma ning bhāṭṭārālulut, prāpta sirēng Himawān, harṣa angajēng saraçmi, angamong kung, awor sararas ing tilam.

34. Pinintanirēng bhāṭṭāra, kotpēṭṭyan ing Smara Ratih, waluya kabhāwacakra, dady asih bhāṭṭārēng ari, na marmanya sinṛṣṭi, tēkap bhāṭṭāra Maulun, dadya manuṣa muwah, pratiṣṭha ring nusa Jawi, waluy anōcapēn sang lungāngajawa.

35. Pitung rātrī sirēng mārga, prāpta ta sirēng kikisik, ing Bubut akeh punang wong, aniningal çry aji Bali, tumurun ing banawi, kang

akuww ing Bubut gupuh, bale wus binrēsihan, dunungan sang wahu prāpti, çighra katur, i jēng aji dewanātha.

36. Kinen prasamānungsunga, sang mantrī ring Maja-Pahit, punang wāhana aewon, hastī turaga lan giling, sampun prāptēng pasisi, aduler lan pasusuguh, -ira sang wahu prāpta, sampun sira apapanggih, lagya katur, pasuguhira sang nātha.

37. Cihna ning subala wīrya, tan kurang ing tadah bhukti, akeh yan ucapēn mangko, sang prāpta sampun lumaris, muwah sakadang mantrī, iringanira sang prabhu, tumut sang mantring Jawa, anunggang wāhana sami, kang andulur, alēp tinon yayēng surat.

38. Pēnuh punang sakamārga, lanang wadhon pada mijil, dingaryan arēp anonton, warṇanira çry aji Bali, apan kasub apēkik, kāçcaryan punang andulu, mangap-mangap kang waktra, lēwih wong ing dalēm purī, prasamānunumang aniñjo ring bata.

39. Wontēn mungg' eng (of: ēng) pangungangan, parēstrī ratna ning purī, wayahira anom-anom, rūpane abēcik-bēcik, kaya raçmi ning tulis, panganggone luhung-luhung, yayēng swapēna tinon, bhaya papupul ing manis, awah madhu, agunung gēndis araras.

40. Mēnggēp denyāmawācāra, akukuh durung kagingsir, yadyan sapēkik ikang wong, sarūpane Maja-Pahit, tan karakēt ing ati, mangkedady atēmah lēbur, kaya kalapan jiwā, -pan tēmbenira amanggih, hyang Atanu, datēnga ring Wila-Tikta.

41. Parawan lawan wulañjar, kaginggang kaya kapati, susah ing twas tan patanggon, pētēng rasa nikang ati, norāna rat kaakṣi, lēnglēng bungēng laling kahyun, kaya-kayānggarapa, sang prāpta sinūksmēng ati, lot gumantung, ing tingal sararasira.

42. Akweh yan ucapakēna, lara ning wong dalēm purī, kunēng sang kinamarman sam, -pun datēng eng Maja-Pahit, katur i jēng nṛpati, kinen ta sira dumunung, wontēn ing kamēgētan, kaāryan sira lumaris, kang andulur, sama wineh pasanggrahan.

43. Brangbangan lan ing Pasurwan, Madhura Palembang sami, prāpta sirāpatih kinon, dumununga ring sang mantrī, pasanggrahan arēsik, sopacāranya alangu, tēkan ing pananggraha, tadah drawiñālēp açrī, kadi guntur, prāpta punang sēkul ulam.

44. Sotan ing subala wīrya, paran si ingucap malih, sesi ning pasir wukir loh, ṣaḍrasa saha lalasti, panamwi çrī bhūpati, kadbhuta punang andulu, asārah tampo kilang, arak brēm dulur pisalin, wastra kampuh, mas mañi sarājayogya.

45. Tan tunggal angde kâçcaryan, malih ramya nikang purī, lwir Haribhawana katon, malwa watangan arēsik, dwāranyâgung inukir, kṛṣṇa warṇanya aruhur, yaya amiçrêng tawang, bapranja mirah ingukir, pagër tuñjung, gëdah agung sakurungan.

46. Bale sami kināñcanan, agëgënteng wësi putih, candi bëntar abhrā tinon, marpat prasama ingukir, cāmaranyângaras ing, puñcak-nya kadrësan bāyu, sumyok angdani harṣa, sinamening gënding curing, awah langu, balabur rum ning kalangwan.

47. Toyâgung mañjing ing pura, nirmala wenya umili, lwir Gang-godakârdha maho, len taman ramyângidëri, ri tēpi nikang purī, inupacāran eng santun, ndan lor ikang pangastryan, bale bang agung anginggil, malun-alun, kinasut ing sasāgaran.

48. Kinanti lan Wirasabhā, rātrī sang tamwi aguling, eñjang kawarṇaa mangko, sang nātha ring Maja-Pahit, kalih sira sang ari, çry aji Wëngkër sira tumut, sampun sirāhyas karo, sabhūṣaṇa ning nāthādi, tuhw abagus, pëpëk sopacāranira.

49. Mijil kalih ring pangastryan, tan pendah sūrya pinalih, sëng ning prabhānira karo, ring kottamanira malih, sākṣāt hyang Çākya-muni, çry aji Wëngkër byakta atut, lawan sirākangira, Paramaçiwa iniṣṭi, pantës paran ing sëmbah chattra ning jagat.

50. Alungguh ring palimanan, atilam paramadami, saha paryangka kinahot, inuparënggëng mas mañik, endah lwir padmasāri, tanda mantry atap alungguh, patih Madhu ring harṣa, Tëtëg Mëñjung Mārga-Lëwih, Lëmbu Bungsang Gowi sama atur sëmbah.

51. Sopacāra yayëng surat, anganggo tumandang mantri, sang nātha angucap alon, patih Madhu angaturi, kaki datëng ing Bali, merene parëk lan isun, Tëtëg marëng Brangbangan, amasang smita den pasti, kita Mëñjung, maraa ring Pasuruhan.

52. Ki Gowi marëng Palembang, Madhura ki Mārga-Lëwih, den tatanë aywa kagok, amasang sëmu amanis, tan kapalang eng gati, sang liningan awot santun, parëng sira lumampah, wus tékëng puhanëki, kanggëk ken Madhu asuwya tan pangucap.

53. Yan angucapânëng citta, tan liwar kapo ujar ing, wong anënggw' apëkik anom, norānāpëkik kayëki, hyang Manobhawa iki, pawak ing gadung kacubung, bhayëki upas ing wong, wadhon manis amatyani, bhayānglëbur, wong satya tuhu ring priya.

54. Wëkasan mëndëk anëmbah, pun Madhu tur angling aris, kawula pun Madhu kinon, de rama çrī pādukāji, anuhura sang kadi,

kadarpa mangke pukulun, marëk i jëng sang katong, sang liningan anahuri, sandikanira bapa sun amarëka.

55. Tumuly adan umarëka, wus ahyas tëkan ing mantri, srëgëp sopacāra kahot, kryan Patandakan Pinatih, Klapodyāna makādi, seringa dene Tan-Mundur, Tan-Kawur mwang Tan-Kobar, mantring Gajah-Para malih, gawok kang mu, -lat atata kayëng surat.

56. Ken Madhu makamanggala, lampahira çrī bhūpati, kunëng sang ing Brangbangan lan, ing Pasurwan apapanggih, sira wontën ing mārgi, Madhura Palembang sampun, prasama angiringa, prāpting pangastryan mëndëk sa, -māwot santun, ri jëng aji Çiwa Buddha.

57. Kinen sira alinggiha, sang kinen samātur bhakti, tabe kawula tan wring sip, -tāmarëki (of: -ta marëk i) jëng nṛpati, lingira çry aji kalih, lah tuhan parëngålungguh, kaparëka lan ing ngong, bhāgea ta sira kaki, tëmbeningsun, apapanggih lan sira.

58. Sang liningan atur sëmbah, sampun sirātap alinggih, norāna mumik punang wong, rëp dyan tangkilan nṛpati, sang mantring Maja-Pahit, ënti gawoke andulu, tan-sah paran ing panon, çry aji Bali kang pinūji, dene sang ing Brangbangan lan ing Pasurwan.

59. Wyakti yan amimisanan, atur sëkar ing wārṣiki, pinatut lan puṣpa lembong, awadag tan tékëng wangi, mangka lingnyë jro ati, lëwih narendra Maulun, yan angucapëng citta, -bagus tëmën sira kaki, sang i wetan ing Kawi pangus araras.

60. Yan si winangwang i citta, ring rūpa guṇa yënulik, tan ana wādane (of: wādhane) katon, bhaya ta mūrta ning Lëwih, mangka citta nṛpati, kañcit prāpta kang angatur, sëdah oyëng tahas mas, rinawisan sëmi ning sarpakeçantun, kang ambhaktānandang jënar.

61. Kang mantri sama asebā, panganggone sarwa-lëwih, lwir tingkah ing hyang pinarëk, ing gandharwāpsara sami, aruruhunan rawit, kâçcaryan kang wong andulu, salawasnya dadi wong, durung amanggih kayëki, lali ngangkuh, pijër mulat kagawokan.

62. Tangèh yan wasitakëna, ujar ing wong amumūji, rare tuha lanang wadhon, wëkasan nṛpati kalih, asmu smitāngling aris, kady awëtu madhu juruh, kaya angunduh prāṇa, duh kaki sira katriṇi, anakingsun, ayo na'ah-āçā tuhan.

63. Kita Madhura Palembang, kalih den santošëng buddhi, rehira pinet de ning ngong, datënga eng Maja-Pahit, lawan ta sira kaki, pan ana ujaraningsun, milwa pitutur mātṛā, kadyanggāñjāgra tinangi, manahingsun, kawwat de ning sih ngāweça.

64. Dene sira anak ing ngwang, madëg bhūpālakëng bhūmi, den langgëng amawâcāra, ayo atilar ing aji, rājanīti den ulik, Mānawāgama kang tinut, mwan çāstra Saroddhṛta, makādi kajar ing smṛti, yan amurug, tan-wun amanggih duṣkṛta.

65. Aywâpalangpang ring dharma, bhangga kuṭila patyani, aṣṭaguṇa kang linakon, pinrih kaaywan ing bhūmi, sakalëngka ning bhūmi, rarahën aywāna kantun, kita mawak amṛtā, -milanga ng lara ning bhūmi, pan saking bhū, -mi sangka ning kaeçwaryan.

66. Kita kadyangga ning singha, rumakṣëng alas tan lali, yan winehālas katunon, ri pamanas ing durgati, tan wandhyāmanggihi wiṣṭi, bhraṣṭa ng singha dagdha gëmpung, aywa kita pramada, solah wimārga maryani, aywānakku, mapangayayëng kawīryan.

67. Wīryaguṇa den prayatnā, -pan akweh çatru ring yawi, añidrāpuharāngepon, pahilan akeh papati, rug çāsana nṛpati, rundah punang jagat lëbur, apan kita butusnya, langgëng sang prabhu amukti, langgëng tang jagat kṛta siddha sapūrṇa.

68. Tan adoh çatru lan rowang, ring awak mūlanya kaki, norāna çatrw ing palugon, ṣaḍripu ādi ning ari, yadyan sang mahāyati, ewuh katinggalanëku, don ing sang mahāwidon, sira atilar nagarī, lungānusup, mara ring çūnya patāpan.

69. Apan kadi sira tuhan, atāpa munggw ing nagarī, tunggal çīlanira rëko, kalawan sang mahāyati, iwag ika ring mārghi, tunggal wëkasnya katëmu, yan kadi anak ing ngong, janānurāga den iṣṭi, masih ing sarat nora çatrw angawaça.

70. Mangkana ling çrī narendra, sang liningan atur bhakti, prasma umatur alon, singgih sang katwang ing bhūmi, patik bhattārāngiring, sawarṣājñā sang aulun, pan sāksāt inugrahan, ing hyang munggw ing prāṇawatī, den kasuhun, trus tēkëng dwādaçānggula.

71. Kunëng sang wus inugrahan, andika kaya asalin, çarīra suprabha katon, lwir Candraketu-nṛpati, Bajrasūrya-bhūpati, narendra Singhalabāyu, Kalinggapadmagoṣa (-ghoṣa?), pratiṣṭhëng kamalamānik, jong anglayung, sotan ing singhapuruṣa.

72. Ndan sang lwir Paramaçiwa, asëng smita denirāngling, duh tuhan sirānak ing ngong, sang kadi Manmatha mūrti (of: Manmatha-mūrti), den santoṣānëng buddhi, sun tumañë sirānakku, anënggeh sira tuhan, apupw ireng sira kaki, kalun eng bhū, -mi katëkëng nusa Jawa.

73. Kapengin ingsun tumingal, yan rṇaa sira kaki, lah wëdaranā-

nak ing ngong, sang liningan atur bhakti, singgih dewa sawet ning, kaçmala jumāti risun, patik parameçwara, tabe kawula sinëbit, kang sasampur, anulya siratur sëmbah.

74. Katon de parameçwara, kṛṣṇa apiṇḍa cawiri, kāçcaryan kalih sang katong, yan angucapānëng ati, ah iki tēnggranëki, çūrëng jagat prabhu wibhuh, wyakti Açwino-dewā, -ngawatāra sira kaki, katarëng tingal mūrti ning Manasija.

75. Harṣa kalih çrī narendra, mojar sang çrī Çiwa mūrti (of: Çiwamūrti), anëngguh dusun punang wong, iki sawetan ing Kawi, mesëm çrī Jina mūrti (of: Jinamūrti), saha wacanānrang juruh, masāna pahenanā, -pan sirānurāgëng bhūmi, harṣa sakweh ing mantri samatur sëmbah.

76. Kañcit prāpta wong kaāryan, nampa nanampan mas ādi, esi wastra saparanggon, bot saka lor alus mirir, açrī pada rinukmi, adulur khaḍga asarung, wijil ing Balangbangan, alandeyan mas inukir, piṇḍa Bāyu, sinalagëng mirah abang.

77. Sinëmbaran mañik toya, kaya kukunang angrawit, çrī dewa-nāthāngling alon, aduh anakingsun kaki, iki wastra lawan kris, panuwalingsun pukulun, nging iki tan sapawon, pan ulihaningsun kaki, kalotakëna alanipun pangeran.

78. Iki katattwan ing khaḍga, makapangrës-rës ing ari, carita Pāṇḍawa bhuja, -garājāstra de sang yati, pasungisun ring kaki, iki makacihnaningsun, anunggalā saprāṇa, sotpëtty alanggëng amukti, salawas inucapën ing jagattraya.

79. Mangkana andikanira, sang sinungan atur bhakti, patik bhattārā anëda, pasungsung çrī dewa mūrti, sāksāt çrī Paçupati, nugraha çrī mahāprabhu, siddhya parameçwara, sinūkṣma ring antahḥṛdi, dera mungguh, manggëh lingga ning trirājya.

80. Ling aji sahatur sëmbah, hyang sūrya wahu lumingsir, luwar tangkilan sang katong, kunëng sang parāji sami, ring dunungan inungsi, lawan rakryan tanda juru, tinut sabhayangkara, sang nātha mantuk ing purī, parëng sirāyinira sang ing Gëgëlang.

81. Sajro purī abhyāgata, angayap i jëng nṛpati, prāpta ng tadah açrī tinon, anadah nṛpati kalih, wëngi sira aguling, ring eñjang sira sang prabhu, mantuk sirëng Urawan, kunëng sang parāji tami, durung mantuk, kari sirëng Wila-Tikta.

82. Rātrī dina tan koninga, sabran ta sira anangkil, amarëki jëng sang katong, sumëlang sira anangkil, silih-sañja nṛpati, pan amisan

atêtëmu, harşâpëkul-pëkulan, animpang sira tan âpti, asring anginëp sira oyëng pasañjan.

83. Madhura lan ing Palembang, awawanon sira kalih, sang saking Bali den winong, ring apopoyan amanis, rësëp rasa ning ati, wus wineh langsaran kampuh, Brangbangan ing Pasurwan, kalih sirâsalin rapi, pan alulut, towi pan amimisanan.

84. Asuwya ring Wila-Tikta, wyatara wontën saçaçih, samâmit i jëng sang katong, patih Madhu sopâna ning, marëk i jëng nṛpati, sukha sira sang aulun, sama sinungan wastra, mülya makâdi mas mañik, pinitëkëtan reh ing angrakşa rājya.

85. Sampun sah ing Wila-Tikta, sang mantuk prâptëng nagarī, kunëng kawarṇaa mangko, sang mantuk ing nusa Bali, kari sira ring mārği, wong dalëm pura angun-ngun, kaya-kaya tumuta, tan eling eng tadah guling, sëmang mangu, *sapungkurira* sang nātha.

Z a n g III (P a n g k u r).

1. Ndan kawasita malih sira sang mantuk maring Bangsul-nagarī, prâpta ring bangawan Canggü, yaya binañcanëng hyang, kontal tëkang kërıs pasung çry Ayam-Ūruk, tiba ring madhya ning lalasti, ënti dalëm ning wārih.

2. Lastary aglis pinintonan, sarung ika lumuñjuk tëkang kërıs, muwah ri sarunganipun, nimittanya ingaran, mangko punang kërıs si Bangawan-Canggü, kakhyāting rat suguṇa çakti, kinajrihan ing ari.

3. Kāçcaryan sakweh ing mulat, sahur pakşī prasam' hārşa amūji, kunëng pwa çrī aji Bangsul, ënti hrşti ning citta, lwir kawahan urip kaya anëñëmu, kostubha ri tëlëng ing pasir, pasungira hyang Hari.

4. Wus liwat ing lalasti ambabar layar müdik tëkang banawi, tan kawarṇaa ring ënu, sampun prâpting nagara, ring pulina Bali sira Kubon-Tubuh, kalih sira rakryan Pinatih, ënti sukha ning ati.

5. Makâdi kryan Patandakan, liwat pamūji nikang Maja-Pahit, kahot pañandët ing sëmu, wicakşana ring şipta, ring sor pangalëwih tan kolug ing laku, pantës sira ādi ning mantrī, amangkua nagarī.

6. Pintën kâla lamanira, prâptanira pantënbhaya ing Bali, embuh krta ning nagantun, kadi ring kṛtayuga, pandiri nṛpati nora wyādhi kewuh, wyakti Mahādewāngutpëtti, sira añakrawartī.

7. Gumanti kacaritaa, sira ky adhipating Madhurāmangghih, sukha

wibhawa supënuh, sirāmanguna yajña, mangko anëbusi ng pitara sang hantu, ing kuna lumaku nisgati, sasar rakwa pinangghih.

8. Angundang sira sang dwija, çewa boddha kasub suçilāsiddhi, makasthâpakanira kinen arëpana yajña, aminang parâji nusântara sampun, makâdi sira çry aji Bali, mangga datënga malih.

9. Brangbangan lan ing Pasurwan, Sulo Cina Palembang ndatan kari, Makasar mukhya rāja Rum, sira ndatan kauntap, wet ning wibhawa tan sama-samëng ratu, byakta ibëk punang nagarī, ring Madhura-pradeçi.

10. Kweh ing bala angiringa, kuda hastī wāhana ning sang mantrī, pira lwa nikang nagantun, ring Madhura-pradeça, byaktâtëmah rupit tan sakëng amangsul, dānapuñyanira sang amrih, donira ndatan prâpti.

11. Ri sampun ing yajñanira, paripūrṇa dānapuñya umili, katur i sang para ratu, makâdi ring sang dwija, tëkëng tanda mantrī saka-wënaning sinung, -an dāna prasama wus ënti, katëkëng bala thānī.

12. Dady ana si nora ruwat, pāpakleçanira sang tinëbas ing, de ning pispisan den-itung, yāngde bhagna ning kārya, awusan tumuli sang parâji mantuk, ing swadeçanira wus prâpti, ndatan kawarṇaëki.

13. Ri wëkas-wëkas malih nda, -tan-dwa ruwat pāpanira sang pinrih, denira sang mahābhikşu, panënggahanira Jang, -gan ing Kayu-Manis sira wus kasumbung, sang atāpa rarëka pinrih, manggëh siddha ning gati.

14. Paran ta marma ning ruwat, de ning caru sëga sacangkok malih, pitik sanunggal den-unuh, kunang cihnanya rūwat, tinañan wāñḍira sāgara sumahur, pañcuran arcā lawan agni, prasama ami-singghih.

15. Sukha twasirādhipatya, dene sang pitara andungkap lëwih, tan kawarṇaa deningsun, ndan waluy aning kathā, punang Maja-Pahit mangke bhraşta gëmpung, prâpta kang trāyuga lumindih, mokşa çrī aji kalih.

16. Urawan lan Wila-Tikta, lëyëp sira mantuk ing çūnyawatī, amiñda amor ing suwung, tan këna ingupamā, rug punang nagarī tan ana ning ratu, arëbut kawīryan tan âpti, apës salah sawiji.

17. Winimba kadëng carita, nguni kâla rugan ing Dwārawatī, ri pati sang watëk Yadu, nimittanya inuman, padāwëre de ning madya silih-suduk, lawan rowang ndatan katolih, sanak misan mingkalih.

18. Kaya rinangsuk ing Kāla, kawigaran lwir tan aedēp wiṣṭi, cūra pada silih-sumbung, kadang tan wruh ing kadang, lan mitra kakasih norāna den-lingu, silih-khaḍga pasēleng-cangking, tanpa wilangan mati.

19. Kang mantrī pada mantrī mwan, tanda juru kapwa pējah silih-kris, tan pendah bhūtānon caru, lwir çalabhānon sañja, tan natgatēng pati silih-prang atarung, krodha kapwāñuri-ñinuri, wangke nikāngrēsya ati.

20. Kalud mijil sang hyang Kāla, krūrākāra ekanetra lumirik, panabdanyāsuwung-suwung, karungu de nikang wwan, pējah nora kari kapwa bhraṣṭa tumpur, sawarṇa nikang Maja-Pahit, dadya sāgarāwilis.

21. Waluya kaya ring kunā, -tēmah alas mangke punang nagarī, kunēng ikang sarwawastu, mas mañik lawan khaḍga, mantuk marēng Pasurwan lawan ing Bangsul, Brangbangan kasampirnya malih, ring Madhura-pradeçi.

22. Nda mangkēki tan kawarṇa, kunēng kawuwusa çrī aji Bali, alawas umadēg ratu, ahyun pwa bhiniṣeka, tumiru-tiru sang Pārtha duk ing sadyuh, agēlung makara sinupit, arja lwir prabhw ing tulis.

23. Angundang sira brāhmaṇa, siddhasiddhi marēng nagarēng Kēling, mangga ta sira sang bhikṣu, çakti siddha sakāma, saking paryangka prāpta sira mawan hyun, cēt prāpta sira ring Wāsuki, -parwata manogāmī.

24. Mulat ta sang mahādwija, katon padmāsana agra ning wukir, anēngah sēdēng umurub, prāpta hyang Mahādewa, wus awas kaakṣi mawacana marum, maring ēndi paranirēki, lah warahēn sun iki.

25. Sumahur sang mahādwija, sapraṇama atur kawula singgih, mara ring Gelgel pukulun, anēnggeh kaki āryā, -hyun bhiṣeka patik kawula ingutus, amūjāstawa sira kaki, makasiddha ning gati.

26. Tumuli hyang Mahādewa, angayat tang hasta mijil kang agni, suteja ndatan pakukus, ndan lingira bhaṭṭāra, ih sapa puniki sang dwija umatur, singgih pañcāgni ta puniki, pañcabrahmākṣarēki.

27. Wacananira bhaṭṭāra, maring ēndi tibakēn isun iki, yan ring atinira iku, yan athawā ring kañṭha, mēnēng sang maharṣi rinasa ring ahyun, tan sangka ring wēdi ring pati, marmanira tan pangling.

28. Wet ning satyēng panamaya, -nira datēng marēng Swecchā-nagarī, bhiṣekanira sang prabhu, antarlīna bhaṭṭāra, ndan sira sang

yati cēt sira mawan hyun, prāpta ring Gelgel tan asari, mañjing ing dalēm purī.

29. Saprāptanira sang dwija, çighra tumurun sira çrī bhūpati, ana panabdanirārum, datēng sang mābrāhmaṇa, datēng isun kaki lah dewa alungguh, ri arēpaningsun puniki, singgih kaki alinggih.

30. Wusira samālinggih kāçcaryan mulat sira sang mahāyati, warṇanira sang aulun, tunggal lawan bhaṭṭāra, sang hyang ing Toh-Langkir lēnglēng sirāmangu, yaya tan ing rat sirāngakṣi, warṇanira nṛpati.

31. Mojar çrī mahāyogī sa, -gila kasep swakāryanira kaki, wet ning kaabēt ing ēnu, majarakēn antaka, ndan çrī narapati mardawa sumahur, sadenya titah ing hyang Widhi, ry anak sang apalinggih.

32. Pan wēkas ning panamaya, ring sawulan pitung dina inanti, nēhēr ta sira lumaku, mangko sinangaskāran, sawēkas ning wisik wus kempēn ing tanu, awusan luwar çrī bhūpati, mantuk ing dalēm purī.

33. Kunēng sira sang brāhmaṇa, ring taman Bagenda sira winēgil, pēpēk sapangariwuwu, -nira sarwaṣaḍrasa, sukha sang māyati rātrī dina sampun, wēkas ning nugraha pinanggih, -ira çrī narapati.

34. Mantuk sira sang brāhmaṇa, mukṣa sira çighra maawan langit, kunēng pwa çrī aji Bangsul, tēkan ing panamaya, lēyēp sira amiñḍa mantuk ing suwung, tan pawastu mukṣa(h) alēngis, amor eng sēpa-sēpi.

35. Gumanti kacaritaa, jyeṣṭhātmanira sang muksēng licin, anāma çrī aji Batu, -Renggong sira gumantya, anēng rājya Bali manggēh kadīng dangu, kṛta wīryanira siniwi, lwir sang amor eng Widhi.

36. Alawas-lawas malih tēlas paratra sami wṛddha ning mantrī, kang wijil ing Maja-Langu, anaknira gumantya, manggēh kadīng rawit angeling lungguh, tan ilang parikramāsthiti, angayap i jēng aji.

37. Wyakti yan singhapuruṣa, çūrāçakti jayēng raṇa nṛpati, widagdhānginaki kahyun, -ira sang anewaka, wyakti Hari mūrta (of : Harimūrta) kāla ning acatur, -bhujā pēpēk astra nṛpati, ndya pañu-mananēki.

38. Iking Titinggi si Lobar, gadā cakranira çrī narapati, kunēng si Bangawan-Canggu, lawan si Tanda-Langlang, pinakaçangkhā Pāñ-cajanya rinangsuk, khaḍga si Nandaka makādi, weṣṇawāstrāranēki.

39. Pangrēs-rēs ing durātmaka, pangalah ing çatru tan ana wani, wet ning suçakti sang prabhu, amēng-amēngan sira, Dulang-Mangap keh ika sewu nēm atus, byakta Kāla amangan urip, pada cūra kakhyāti.

40. Punang Ularan tuhanya (of: tuhannya), Mṛtyu padanya tan papilih ari, çumīrṇa çrī dalēm Juru, denira tan pasunga, linamar sang putrī kang kasumbung ayu, akakasih ratna yuwatī, ni Bas rahadyan eki.

41. Mantangen aji brahmātya, de ning kaduṣṭan ikang Bhīma-Ciī, ṇopānakēn sang aayu, nggawa maring Pasurwan, kari pwa sang aji pinaran ing wuyung, denira çrī aji ring Bali, tan-wun sirāngēmasi.

42. Kalud çrī Juru prabheda, ala cittanira ri sang māyati, ndan paṣangtabya kēnēngsun, mucap sakramanira, sang makakulatantra kēna iringsun, siddhānugraha tan kasarik, dīrghāyuṣa pinanggih.

43. Nguni saking Wila-Tikta, lunga sira marēng Daha-nagarī, amet strī brāhmaṇī sūnu, de dang hyang Panataran, awīja kakalih sira istrī kakung, matang ing çewa anut gati, sang rama-twanirēki.

44. Sah sira saka ring Daha, lunga mungsi ring Pasurwan-nagarī, amet strī brāhmaṇī sūnu, dang hyang Panawasikan, awīja kakalih sira sami kakung, papat wīja saking brāhmaṇī, paripūrṇa wyāradin.

45. Wēkasan maring Brangbangan, de çrī Juru anumata sang ṛṣi, awīja sira strī jalu, katiga sanakira, kanīten katrīṇi wēkasan çrī Juru, tan patut aipe sang ṛṣi, salah tarka tan pasti.

46. Sirāyinira tanggu(h)a, tan aidēp sirākangira mangkin, sang dwija pinaran wuyung, dalih apasang guṇā, -pan gandhanira mrik sing kesedēn arum, tang karingētira sumar mrik, kaya er-gulo minging.

47. Kunēng çrī Juru aedan, konēn kang rabi umunggwa ring gurit, ring sira matang ing kidung, duh sapa sira makosadha ning akingking jampyan ing wulangun, patnī kanīten Saraswatī, sang Nirarthāngiseni.

48. Adawa yan kathākēna, polahira çrī Juru i sang ṛṣi, aipe nora katuju, ya marmanira kesah, tan tolih nagarī Brangbangan kapungkur, kāptinira datēngēng Bali, parēng lan anak rabi.

49. Prāptē tēpi ning sāgara, sira parēng kalawan anak rabi, awanan ta sira waluh, kele nikang majaya, adayung kamudi punang tangan suku, kabwat de ning çakti sang ṛṣi, norānāmanggih wiṣṭi.

50. Kang rabi mwanng wījanira, kawrat de ning juragan ing pasisi, jukung beser kang parahu, prāpta ring Kapur-Añcak, kikisik ing Bali prasamātuturun, mangke tinar sira de ning, juragan ing pasisi.

51. Mangkana sang ing Brangbangan, ndatan wurung sirāngēmasi pati, siningit si bela n çatru, sāksāt kabajrawiṣya, denira sang ṛṣi pan çrī aji Batu, -Renggong mūrta ning Paçupati, sumilēm ing Yamāgni.

52. Malih waluyan ing kathā, prāptanira sang dwijānēng kikisik, ing Kapur-Añcak adulur, sutanira kasapta, mwanng rabi sawiji dady ana katēmu, rare angon tinañan mārgi, angawetan lumaris.

53. Mañjing ta sira ring alas, katēmu kang wre greh-greh çabda-nēki, lingira mahā-dang-guru, duh bhaya kang wānara, atuduh ing mārgi mēne lawan isun, çayan doh denira lumaris, malih sira amanggih.

54. Uragapati umangap, tutuk ika sadēpa angangnyēki, upamā guhānguluhung, umañjing sang mādwija, norāngrasa wiṣṭi tēkēng jro katēmu, kumuda mēkar tan asari, dinawut de sang ṛṣi.

55. Tēhēr mijil tēkēng jaba, asalin warna tan kading pralagi, kṛṣṇākāra kadi tanu, ilang warna kadi mas, jrih kang anak rabi prasama malayu, pating samburat tan wr' ing gati, pati purug-purugi.

56. Rinuruh anak rabi tan, -dwa kapanggih pinupulakēn sami, denira çrī mahāguru, kari ilang sawījya, norāna kapanggih punang jyeṣṭhasūnu, strī sira sinanggih bhāṭṭārī, dalēm oyēng Malanting.

57. Mantangen sira mangkana, wet ning kottaman nugraha ning rawit, tur luput ing jarāmṛtyu, wēkas ning sinamaya, rēngwakēna de ning añjulati kalung, cupa(t) tēmahannya wong wini, kagyat çrī mahāmuni.

58. Tinañan wong iki paran, akidupuh ri samīpēngsun iki, umatur sahāwot santun, singgih patik bhāṭṭāra, mūla ntip ing bhūmi añjulati kalung, wet ning rasyajñāna sang yati, marmātēmah kayēki.

59. Anuly aglis pinralīna, sūkṣma tan katon de ning wong sabhūmi, kewala alas dinulu, winēh sapariwāra, punang wong Malanting kabeh makaulun, -ira sang sūkṣmāmor eng Widhi, manggēh munggw ing Polaki.

60. Mangkana punang trijana, aywācawuh-cawuh i sang maharṣi, sang mengēt eng tutur ayu, mahyun swastha ning awak, apan ikang çarira tan pendah lēmbu, sang dwija sira angorēgi, siddha saparanēki.

61. Lastarya sira angetan, tan kawarna suwenira ring mārgi, akeh punang dusun-dusun, kalintangan denira, prāptēng Gading-Wani kang pradeçāsamun, çwānah añlung dina rātrī, *durmitta* ning wong agring.

Z a n g IV (D u r m a).

1. Garjita wong deça prasamāgorawa, anungsung sanak rabi, -nyātur kakinangan, wontēn atur sēdēngan, kinon ta sira alinggih, ing pantikrama, sampun sira alinggih.

2. Sastrīnira adulur mwanng sutanira, sukha sira sang ṛṣi, ingaturan tadah, dene wong krama deça, wong deça umatur aris, singgih pangeran, kawula anahèn gring.

3. Akeh kawulâlara ndatan patamban, sakweh nikang oṣadhi, norâmarasana, lingira sang mādwiija, mah iki ganten sun wehi, kang wong alara, siddha waras de niki.

4. Tan salah wacananira sang mādwiija, waras sakweh wong agring, wruh punang bandeça, ingajenan ta sira, lastarya pun atur bhakti, nēhēr dinikṣān, dera sang apalinggih.

5. Sēbun-Bangkung kang gīta inunggwaniṛā, -nugrahanira malih, wus kalumrah ing mas, tan-dwa pangeran ēmas, anuhur sang apalinggih, tan-dwa dinikṣān, sakrama ning abrēsih.

6. Alama sira wontèn ing pangeran mas, wus adrēwe sarasi, amēng-amēng sirā -kawaça atapakan, rwan ing kumuda amañjing, tan-dwa tumingal, sirē sang hyang Toh-Langkir.

7. Dadi karēm kang suku sapagēlangan, lingira sang māyati, ěnti cingingira, bhāṭṭārēng Bali-rājya, wyakti Mādewāngutpētti, nora kawēnang, pinadan engsun eki.

8. Mangkin lumrah kang wērttā tinuṇḍa-tuṇḍa, prāptēng Swecchānagarī, katur i jēngira, aji Lingg'-hârṣapura, yan wontèn nagna suçakti, kadi Lo-Gawya, ujar ing wong amūji.

9. Dady ana potusan kyayi Panulisan, nurwani sang māyati, ring eñjing lumampah, anganggo sarwa-pētak, tēkan ing wāhana putih, sok wajanira, irēng durung amasti.

10. Tan kawasitēng awan prāpta sirēng mas, tumurun saking wājī, pan sira ng bandeça, wontèn sira ring jaba, amarēk sang apalinggih, sira sang dwiija, wontèn sirēng cangapit.

11. Saprāptanira sinambhramēng bandeça, ingaturan alinggih, oyēng babaturan, wus alinggih ta sirā, -marēki sang mahāyati, atur pañapa, sirē sang apalinggih.

12. Akweh pwa wuwusira awawanonan, sukha sira sang ṛṣi, pan sotan ing wikan, kalih angalap citta, wēkasan umatur aris, kya Panulisan, ri jēngira sang yati.

13. Singgih punapa reh ing nagarakrama, lingira sang māyati, mengkene ring çāstra, yan ring çās mengkenea, ataña ta sira malih, singgih punapa, reh ing dharmayuddhēki.

14. Lah iya ana mengkenea ring çāstra, ring çās mengkene kaki, mēnēng sang ataña, sarwinira anginang, ambuñcang sēpah asari, malih ataña, ri jēng sang apalinggih.

15. Punapa lēkas ing acumbwanakrama, lingira sang māyati, mengkene ring çāstra, yan ring çās mengkenea, mēnēng sang ataña sarwi, -nira anginang, ambuñcang sēpah tumuli.

16. Malih ataña ri jēngira sang dwiija, pukulun sang māyati, punapa kagēlar, -an ikang mahāçrāddha, mengkene ana ring aji, yan ana ring çās, mengkene uga kaki.

17. Mēnēng kapēnētan kyayi Panulisan, tumurun sirālinggih, sor ing babaturan, tumungkul tan pangucap, lingira sang apalinggih, lah angapaa, tēka mēnēng tan pangling.

18. Malih ataña mēne kalagan ing ngwang, akidik kang kawijil, keh kari ginupta, sumahur sang tinañan, punapa kajātyanēki, punang sāgara, mūrta sang Yogipati.

19. Pira kweh ing wawadah tan ya kebēka, nulya sirātur bhakti, budal saking jaba, maring pamarantenan, aminta sirē sang yati, anuhun pāda, mangga sira sang ṛṣi.

20. Wusira abēbrēsih nirmalajñāna, kunēng ājñā nṛpati, mangke sira tēka, eñjing sirātulaka, dady asepa tēkaanēki, angiringa sang, makagracūḍāmani.

21. Tan warṇan lampahira wontèn ing mārğa, prāpting Gelgel sang ṛṣi, lumaris ing Padang, apan çrī naranātha, wontèn ing Padang sang mantrī, samāngiringa, sira sampun ing wingi.

22. Saprāptanira kyayi wontèn ing Padang, parēng sira sang ṛṣi, marēk ing sang nātha, sēndu-sēndu tumingal, sahāwacanāsmu runtik, e Pañarikan, tuha-tuha wong iki.

23. Tan tinaha atilar ing panamaya, dede kitāpolah ing, wong uwus atuha, e kita Pañarikan, dunungēn sang wahu prāpti, anēng paryangan, mpu Kuturan eng uni.

24. Maring pasanggrahan sang çrī mahādwija, ndan tangkilan nṛpati, pēpēk karīng yawa, kang punggawa lurahan, anane kyayi Pinatih, lan Kubon-Klapa, Batan-Jruk minakādi.

25. Lurah Kañca Brang-Singha lan Pagatepan, Tangkas mwanng Tēgēh-Kori, lan kyayi Tabanan, Kaba-Kaba Cacaha, Camanggawon lan Buringkit, lan Abyan-Sēmal, Pacung kalawan ing Pring.

26. Pangalasan Toh-Jiwa mwanng Panataran, Kapal Sukahët malih, lan ing Pasinggahan, nīti sama asebā, atata kadi ring tulis, eling sananya, solah ing mantrī ādi.

27. Wus awan lēbar mantuk ing pasanggrahan, kunēng çrī narapati, lumaris ta sira, dalēm ing pasanggrahan, kinon ta para strī aji, atur bhojana, ri sira ng mahāyati.

28. Raspatya pinundut de ning panakawan, kunēng çrī narapati, mara ring paryangan, apapanggih ta sira, ri sira sang wahu prāpti, atur panapa, wusira samālinggih.

29. Sopacāra denirāngēnakēn çabda, saha manis ning liring, duh dewa pangeran, wahu prāpta sang dwija, sumahur sang apalinggih, duh kaki ārya, manira wahu prāpti.

30. Anēnggeh kaki ārya abaribinan, aywa kitābaribin, den santosēng manah, ing nanak Panulisan, apan sang hyang Dharmajāti, tan kēnēng tēda, mangkana yan ring aji.

31. Sukha pwa dalēm amisarja wacana, ilang mala ning ati, pan kadi sinapwan, kaya we ning samudra, gumiwang tēkēng awyati, dadi ataña, sira sang apalinggih.

32. Angapa kaki ārya tan abuburwa, añjāla mwanng añjaring, lacur sun pangeran, tan bontēn sun oliha, lah kinen lēkasa malih, wong abuburwa, añjāla lan añjaring.

33. Anuli tinuduh kang wong abuburwa, añjāla mwanng añjaring, wahu wus pinasang, sakeh ikang parentah, tan opēn kang buron prāpti, wijung mañjangan, çaça lawan tinggiling.

34. Mangkana ring sāgara akeh kawēnang, mīna masuk ing jaring, pan sākṣāt ingarad, prāptane de sang dwija, sukha sira çrī bhūpati, keh polih iwak, sinungakēn ing mantrī.

35. Makādi kaatur i jēng sang mādwiija, mantuk çrī narapati, marēng pasanggrahan, kunēng sang wahu prāpta, karing paryangan alinggih, rātrī ring eñjang, mantuk çrī narapati.

36. Maring Lingg'-hārṣapura sang mahādwiija, keringa de çrī aji, padāti wāhana, -nira ken Panulisan, anggayut oyēng padāti, mantrī sananya, ry untat sama angiring.

37. Samāwāhanākudāpayung sanggēpan, aglis sira ring mārgi, prāpta ing we Undā, -ngēbēk punang bangawan, kandēg lampah ikang giling, tan wēnang mēntas, wet ning dalēm ning wārih.

38. Angapa marma ning kandēg ing dadalan, lingira sang māyati, sumahur sang nātha, angēbēk kang bangawan, kawula sama awēdi, yan pakṣakēna, tan-wun karēmēng wārih.

39. Kaki ārya bhaya tan wruh kapo sira, ri kalingan ing aji, glar ing açwaçikṣā, tan wruh ingsun pangeran, ranak sang pāṇḍyāminta wi, -narah sang dwija, ri kalingan ing aji.

40. Sakṣaṇa winarahan wus kakawaça, sakedēpannyāsthiti, ingayat pracoda, bungkah nika amṛta, -maya ri tungtungnya agni, dadi andumpak, punang sapy anēng wārih.

41. Sapinggēlan karēm sukunyānēng toya, gawok kang aningali, sakṣaṇa lumintang, lampah ikang gilingan, prāpta ing Gelgel nṛpati, sang mābrāhmaṇa, ring katyegan winēgil.

42. Paripūrṇa pēpēk pangācāranira, pangiwē çrī bhūpati, kang sarwasurasa, rātrī dina tan kurang, sukha sira sang māyati, de ning pangupa, -kāra çrī narapati.

43. Ring pūrṇamā kalawan ing amāwāsyā, sira çrī narapati, pinūjā ta sira, pādyārghācamanīya, denira çrī mahāyati, makin alilang, çuddha nāla nṛpati.

44. Ri kaçuklanira sang çrī mahādwiija, sumurup ing çrī aji, sēh prabhāwanira, wus anarīra sang hyang, ri sira çrī narapati, anging ta eman, -ira durung açuci.

45. Kunēng pangeran Dawuh nīti angayap, ri jēng sang apalinggih, pan guruçuçrūṣā, aminta wara-warrah, akeh antuk ing angawi, pan sira wijña, nityāmangun palupwi.

46. Wukir Padēlēgan Tan dirgha rinasan, sang çiwa manggalangi, pupuh sumaguṇa, kunēng sira ing kina, asring sira abēbrēsih, ana pingsapta, ing bhujangga ing Bali.

47. Durung ta sira antuk sūkṣma ning warah, mangke ta sira olih, i sang wahu prāptā, -nging bhaktinira tan-sah, ndan inunggowanira malih, anēng sangṣipta, dera rakryan Manguri.

48. Kadi wuta abuburw ing tahēn rawa, lorogro tan pagati, mangke wus dinikṣān, dera sang wahu prāpta, embuh prajñanirālēwih, tattwādhyātmika, akeh dera kawruhi.

49. Rarēng Cangu sawilēt winangunira, Wilēt mañūra malih, Anting-anting timah, saha Karas nagara, Sāgara gunung winṛddhi, mwanng Jagul tuha, katur i jēng sang ādi.

50. Gugutuk mēnur pangapi ni sang çīwa, Çarakusuma Ampik, Ewer mwang Lëgarang, Dharmatattwa kalawan, Mahiṣa-Langit makādi, Wasisthāçraya, Añang Nirartha malih.

51. Mahiṣāmëgat kung saha Kawidharma, putus Usāna Bali, mangkana kakāwyan, -ira sang makaçiwa, ndan sira rakryan Manguri, raju ta sira, angatur anak estrī.

52. Maring dang guru tinarima ta sira, mantu parnahirëki, kecchān putranira, sira sang apanëngran, Wayahan-Ler sira saking, patnī Pasurwan, apuputra kakalih.

53. Jyesthaputra kunëng pwa kakasihira, sira Wayahan-Peling, ndan sirāyinira, Madhyama-Manuh-Aba, paripūrṇa sira kalih, lwir sūryacandra, pada këbëk ing aji.

54. Punang raka dumikṣāni arinira, ndan kawarṇaa malih, sira çrī narendra, nguni sira anglamar, winangsul dera çrī aji, ring Balangbangan, tan pasunga sang putrī.

55. Mārga ning runtikira çrī naranātha, de çrī Juru anut ing, putrī tan opekṣā, ri panangka ning ala, kaduṣṭane Bhīma-Cili, angay-wakëna, ring Pasurwan sang putrī.

56. Domeh tan ahyun sira sang rājakanyā, ing sang nātha ing Bali, pan sirāpotusan, ing kināmëtakëna, warṇanira çrī bhūpati, kang kinenira, punang prabhāṅkarëstrī.

57. Pinëta warṇa dalëm tur gëde cëpag, lëngar punuk kālani, -ra mangko açila, memengkeng asmu pengkang, katon kompolirālambih, mwang pasthanira, wiluk ardha muringis.

58. Katur kang pëta dalëm dadi winawang, dera sang Çrī ning purī, gila akigkigan, sukha-sukha paratra, sasambate amlas-asih, yan kudwakëna, angur alabëh pasir.

59. Sapady apapanggih ring wong mongkonoa, makaparan sun urip, sasungku ning jīwa, lanāmanggih sangsāra, yaya kalëbw ing Yamani, yen mengkeneâ, -ngur sun wudu taruñi.

60. Mangkana sambatira sang rājakanyā, asiddhan-siddhan ugi, ndan sira sang nātha, sang anëng Bali-rājya, ënti brahmātya ning ati, dadi sinengan, Dulung-Mangap den aglis.

61. Saprāpta nika mëndëk samātur sëmbah, i jëngira nṛpati, jinawuhan ujar, mangkatāndona yuddha, amrang Blangbangan-pradeçi, çrī Jurwa-nātha, rëmëk ayo gigisin.

62. Garjita kang kinen umangkatāлага, kang sañjatābhrā kadi, parwata kusuma, sampun sinungan dadar, panganggone sarwa-lëwih, patih Ularan, makanaryamëng jurit.

63. Ndan winëkas denira çrī naranātha, yan siddha angëmasi, sang runtik ing citta, ayo langghanānigas, kang winëkas atur bhakti, tumuli mangkat, sampun mungg' eng (of ëng) banawi.

64. Wontën sëpaha keh ing bala umangkat, palwa pañcawingçati, kunëng ken Ularan, Mṛtyu angawatāra, tan kawasita ring mārği, kañcit wus prāpta, ring Blangbangan-kikisik.

65. Lwir dine ning hyang lampahe kya Ularan, mogha ta amënangi, çrī Jurw acangkrama, ri tēpi ning sāgara, sagṛhan çrī narapati, asukhan-sukhan, nora anragah wiṣṭi.

66. Kañcit prāpta wong akeh saha gagaman, kagyat çrī narapati, ih angapa prāpta, bhaya ganëki lawan, mantrīnira anahuri, sahātur sëmbah, den yatna pādūkāji.

67. Punapa mangke polah parameçwara, dene wadwa akidik, lud tanpa sañjata, mënëng çrī naranātha, wong dalëm prasamānangis, kunëng rahadyan, silih-pëkul lan bibi.

68. Kawigaran wong Bali-rājya asurak, parëng kumucup kadi, gagak anon çawa, endah bhūtānon māngsa, kumutug swara ning bëdil, mimis asimban, kaya tiba ning wrṣṭi.

69. Mawrëg abyuran sawongira sang nātha, akeh pëjah akanin, ndan çrī naranātha, parëng mantrī kang wira, karo khaḍga anglawani, jujulukira, tulup watang tinarik.

70. Atangkëp kang prang rame nggalah-ginalah, tulup saha jamparing, tang pasar asulam, duk-duk kalawan çela, anāmrajaya karo kris, tameng lan pëdang, dadap asëleng-tangkis.

71. Kweh kawënanng kang wadwa eng Balangbangan, punang mantrī apulih, manggëh çürëng raṇa, parëng angamuk rampak, tan-dange tuhu winani, kadi çārdūla, mëtta tëka añangking.

72. Surak umwang gumëntër satatabuhan, kang wāhana pa-dānghrik, bangun ramya ning prang, embëh swara ning tuban, kang bëdil muni anitir, akeh kawënanng, punang bala ing Bali.

73. Smu kagiwang ingungsëb dene wong Jawa, para menak kweh mati, runtik kya Ularan, tumandang maring harṣa, saha balāsrang lumindih, tameng lan pëdang, angiras lawan tan jrih.

74. Maly' arukêt kang wîra pada prawîra, tan jrih akayêng gusti, aky' âlong-linongan, lwir tan natgatêng bhaya, sang mantrîng Jawa-wâkweh mati, de kya Ularan, lwir singha anon hasti.

75. Tan panaha polahe tēka mangdēmak, mangkin angubat-abit, lwir agni ujjwala, sinwak ing alang-alang, ndan sira çrî narapati, runtik tumingal, bangun panas ing ati.

76. Sēng-sēng ning driya yaya mijil pāwaka, mangkin mangsē(h) apulih, iniring ing bala, -mantrî çesa ning pējah, angiwung tandang nṛpati, lwir gajah roṣa, ambabad lawan tan jrih.

77. Rēbah-rēbah kaparag dera sang nāthā, -marawaça kagingsir, wong ing Bali-rājya, akeh pējah kacūrṇan, kaya tan atanggal malih, mengas gumiwang, gingsir amrih banawi.

78. Pating kurambang akeh karēm eng toya, malayw atawan kamin, kya Lampor tumingal, ěnti runtik ing citta, mangsēh sāhasā lumindh, angamuk rampak, parēng bala kakhyāti.

79. Arangkit tang prang awor tanpa parungwan, rame swara ning bēdil, kang surak ghūrṇita, len alun ing samudra, gumuruh awanti-wanti, awor mṛdangga, kēndang gong muny anitir.

80. Arok kang prang atangkēp dadap lan kantar, watang ndatan pagati, tameng lawan pēdang, khaḍgāpasēleng khaḍga, amēk-pinēkan ndatan jrih, rah sumamburat, ebēk anēng pasisi.

81. Yaya rinandi ěni nikang sāgara, tanpa wilangan mati, len akeh kacūrṇan, çawa aglar eng natar, sang mantrîng Jawa wus ěnti, wadwa wus bhraṣṭa, kesisan çrî bhūpati.

82. Ndatan-dwa rinēbut dene kya Ularan, parēng sasanaknēki, lwir taṭit kang pēdang, rumubung çrî narendra, tameng ing wīrāna-puti, kadi jalada, sang nātha kadi rawi.

83. Sampun paratra sira çrî naranātha, tanpa sēla tang kanin, lastarya tinigas, dene patih Ularan, karṇābharāṇa tan kari, ratnanya muñcar, ingēmbanan mas ādi.

84. Rēm-rēm ing arka kaya-kaya alara, awor lan riris alit, lwir kadi awēlas, i sang paratrēng raṇa, wet ning kawandhanira ka, -ri gilang-gilang, tan ana angopadhi.

85. Kunēng strīnira malayu sumamburat, sira rahaden putri, mangke pinalaywan, ginawa ring Pasurwan, dene kya pun Bhīma-Cili, ogan çrî Jurwa, sirāngēmasi pati.

86. Denira prabheda ri sang mahādwiija, duk sira karing puri, anēng Balangbangan, sāksāt kabajrawiṣa, donira çrî aji Bali, siddha ning sādhyā, motus dumon eng Yawi.

87. Ndan pun Ularan wus tēkēng Bali-rājya, matur i jēng bhūpati, yan siddha ning sādhyā, katur punang mastaka, karṇābharāṇa tan kari, katut tinawan, dukha çrî mābhūpati.

88. Angapa kita anigas mingro ning ngwang, tan engēt kitēng uni, duk ing ngong amēkas, -mēkasi kitēng awan, tan wineh kapo añuri, dadi ṣinurya, uluse ndatan sipi.

89. Ndan pun Lampor umatur sahāwot sēkar, singgih dewa tan saking, mithyēng panamaya, andika çrî narendra, duh tingalana puniki, awak manira, pira-pira tang kanin.

90. Bucēk kawula rinēbut tinulupan, lingira çrî bhūpati, lah kita Ularan, mangke wēkasmu kawas, ayo kita apapanggih, kalagan ing ngwang, iki doṣamu luhik.

91. Phalamu mangke sumiddha gawe ning ngwang, ngong iki aweh bhukti, carik winih satak, ayo kitāmumurang, den aweh runtik eng ati, ndan pun Ularan, anēmbah asmu tangis.

92. Amit lumampah mangko sandēng ing mārğa, asasambat anangis, nēsēl purākṛta, kangēn ri swecchānira, sang nātha agawe tangis, tan kawarṇaa, sampun prāptēng lor giri.

93. Kunēng sang kadi Wiṣṇu anurāgēng rat, rēp-rēp prasama ajrih, tan wany alangghana, mangke punang Brangbangan, sawetan Pugēr kagiring, prasiddha sira, ratu añakrawartī.

94. Malih sang amañcāgung ing Bali-rājya, Batan-Jruk minakādi, tērēh Kapakistan, Pinatih sūrya Wangbang, Klapodyā çiwa Waringin, tiga ta sira, bāhudaṇḍa nṛpati.

95. Sor sangkē sira kyayi nglurah Tabanan, Kēñcēng ta sira malih, kyaying Kaba-Kaba, tuhu Bēlog ta sira, norāna apilih ari, ndan kyaying Kapal, sura (of: çūra) Dalañcang malih.

96. Pagatepan Brang-Singha kalawan Tangkas, tus ning wangça sinaring, sura (of: çūra) Kanuruhan, Pañarikan wiweka, Cagahan Toh-Jiwa lan Pring, Sukahēt sira, Wangbang wangçanirēki.

97. Kyayi Dawuh Bale-Agung bhinagawān, anaknirāngganyani, sira sang atēnggran, Pāṇḍe-Bhāṣā praçasta, kyaying Pangalasan malih, sira wus wṛddha, anakirāngganyani.

98. Kyayi Jarantik nāma nika sang anak, kunēng ana ta malih, Pacung Abyan-Sēmal, Cacaha tuhu çūra, wyakti tan papilih ari, tos Karung-Dangkal, sira padāti-ati.

99. Niti amarēki jēng çrī naranātha, tan ilang kading uni, duk ing Wila-Tikta, sapangācāranira, angangge tumandang mantrī, lwir suragaṇa, atata kading tulis.

100. Kunēng kṣatriyawangça samāmarēka, tus nikang wangça aji, raden Gēdong-Artha, lan rahaden Anggungan, raden Nusa raden Bangli, kryan Pagēdangan, kaāryan sira sami.

101. Wibhuh kang jagat kadi ring kṛtayuga, ndan sira çrī bhūpati, mopēk ing hṛdaya, rehira karya wāla, durung ta sira açuci, apilih karṣa, sira çrī narapati.

102. Wontēn sira anāma dang hyang Açoka, parnah raka dera si, -ra sang wahu prāpta, akārya Smarārcana, kinirimakēn ring Bali, ring arinira, winalēs de sang ari.

103. De ning gīta anāma Çarakusuma, sira kinen de aji, anuhura sirā, -nggēh cūḍamaṇyanira, tan angga sira sang ṛṣi, pan arinira, sira wontēn ing Bali.

104. Tur kaliwat kawijñanira sayogya, makagracūḍamaṇi, mangkana katura, lingira hyang Açoka, mangga ta sira nṛpati, pasangaskāra, wusira abēbrēsih.

105. Tumuli sinung sira warānugraha, yan prabhu yan apatih, bhoh çiṣya dewatā, malih yan bhinagawān, tan angga sira nṛpati, lagi kangelan, kēna ingucap malih.

106. Kang tinēdanira kang nir-paran-paran, luput ingucap malih, tan kēnēngangēnan, nīmut mēngēng kinarṣa, kecchān ta sira nṛpati, dene sira sang, makagracūḍamaṇi.

107. Sampun mangkana ěnti sukha ning citta, nirmala kadi langit, tan kāwāran hima, enak mangke denira, manutakēn kasugatin, wus anarāra, sang hyang i sang bhūpati.

108. Anunggal sira nora guru lan çiṣya, tan ro sira sawīji, sawīji wus ilang, mangka pangawruhira, rabi prasama abrēsih, kwehnya rong kupang, pada sinungan bhukti.

109. Maniṣṭhamadhyottama pinangguhira, satyabrata ring laki, embuh kṛta ning rat, sapandiri narendra, kang pandung sinungan bhukti, dene alapa, kang pisangan sinisip.

110. Mangkin lumrah prabhāwanira sang nātha, cora bhaya awēdi, nir juti māraṇa, murah sarwa-tinukwa, tatanduran ika wṛddhi, ring tēgal sawah, tan anāmikārēki.

111. Kañcit prāpta hyang Boddha ring Bali-rājya, mangko sirāpapanggih, ring sira hyang Çiwa, sinapa de sang paman, prāpta anakingsun iki, sang asthāpaka, maring prēnahsun iki.

112. Sumahur sang Mājina singgih kang anak, prāpta mungsi sirēki, sang atunggu dharma, kang anak atatanya, punapa don ing tan āpti, paman ahoma, tan bontēn nugrahani.

113. Singgih kang anak mangke asung nugraha, ri sang atunggu dharmi, sandika n inanak, winangun kang pahoman, gēnēp saupakāra ning, amangun homa, glis ning kārya aradin.

114. Sang hyang Çiwa makērēn ta sirāhoma, liniput de ning agni, nirwikāra sira, yaya adyus ta sira, sang Mahājina ring yawi, sira ahoma, ri sor ing açok'-hāstī.

115. Sēlep-sēlep kang agni wus tinahēnan, miñak kalawan samit, wṛddhi dilah nika, kados punang kakawa(h), amangun weçma ruhur ing, kuṇḍa pahoman, gawok kang aningali.

116. Ry uwus ning kārya homa ngēd kang wwawwahan, awoh satak kang tiris, kang pari ring sawah, nēlod-nēlod de ning wwah, kawwat ning yaça nṛpati, kalih sang Çiwa, norāna bhaya wyādhi.

117. Nguni duk ing çatru marani Kēlahan, saka ring nusantari, kongang çrī narendra, apadāting sāgara, dadi mundur punang ari, tan wanya muwah, prāpta dumon eng Bali.

118. Kang Dulang-Mangap tan kēna sinayutan, tinut punang padāti, kawwat ing kawīran, arēp akayēng tuhan, tan ketang dalēm ing pasir, den lēbokēna, akeh pējah anglangi.

119. Kang kary agēsang olih akindayutan, ri kiping ing padāti, sang parādhimantrya, prasama atur sēmbah, aminta jīwa sawet ning, nirgunanira, tan kawēnang angiring.

120. Sukha sang nāthāpan karasa ring citta, tan sangka ring awēdi, wet ning tan-druhira, angambaha sāgara, harṣa sang parādhimantrī, ri swecchānira, sang kadi Wiṣṇu mūrti.

121. Pitung dina lawasira kary eng Kuṭa, tan kurang tadah bhukti, wus pinanggihira, solah ing prabhūttama, mantuk ing Gelgel nṛpati, tan warnēng mārḡa, sampun prāptēng nagarī.

122. Tan len kāryanira lunga acangkrama, amumpunakēn kawī, munggw eng pralapita, yan kālanira mimba, wontēn ta ājñā nṛpati, ring paradeça, sing pinaran nṛpati.

123. Yan wontēn rabinipun kalawan rara, rūpanyâbēcik-bēcik, tan sinung amēdar, apan ewēh kahrētan, ing daçendriya de aji, apan mangkana, sang wruh ing kasugatin.

124. Sarasa ning don sampun kempēn ing citta, malih rasa ning aji, mwang nagarakrama, kalih lan dharmayuddha, cumbwanakrama (of : dharmayuddhâ, -cumbwanakrama) tan kari, mwang mahāçrâddha, tēlas sinūksmēng ati.

125. Wikan ta sira ri glar ing açwaçikṣâ, pangawe den kawruhi, mwang añjalântara, pangrēt laku nikang lwah, mwang pangrēt laku ning rawi, caturwināça, makaçirṇa ning ari.

126. Norâna çatru wani dumonēng sira, rēp ikang nusa Bali, tēkēng nusântara, Sasak lawan Çāmbhawa, Blangbangan Pugēr tan kari, cinakranira, rarēm prasama ajrih.

127. Sang ing Mataram kalih sang ing Pasurwan, kari sira maari, nguny akirim gīta, lwir jangkrik mēng-amēngan, den gawe papanas ati, den pijētana, didine enggal mati.

128. Mwang rajasa den turuhi bañtu wedang, runtik çrī aji Bali, winalēs ring gīta, wontēn kṣatriya prajñā, Den-Takmung kaka sirēki, sampun katulak, sarasa ning rērēpi.

129. Tonēn ring uni duk sira lagi wāla, wontēn potusan saking, Mēkkah kang amawa, gotra lan pamarasan, harṣanira añlāmi, dadi sang nāthâ, -bangun panas ing ati.

130. Kang pamarasan ingrēbakēn denirâ, -dalamakan ing wētis, pēpēd rahi nika, tan pendah ginurinda, kang gunting ginuntingan ri, jriji ning tangan, dadi palas kang gunting.

131. Mangkana wīryagūṇa çrī naranātha, alawas-lawas malih, sira çrī narendrâ, mantuk sira ring taya, amēkas putra kakalih, lagy anwam-anwam, durung sumrangmrang akṣi.

132. Raden Pangharṣa sirâwēnang gumantya, raden anom Saga-ning, wungsu parnahira, kamban dera sang paman, kaparnah misan de aji, siddha dewatâ, sūksma amor eng Widhi.

133. Çrī Tēgal-Bēsung putra çrī Kapakistan, parnah sanak pana-

wing, de raden Samplangan, sira ta apuputra, pamanira sang gumanti, asanak pañca, Gēdong-Artha makādi.

134. Dinama-dama sira sang rājaputra, winowong de ning mantrī, pintēn kâla nika, prâpta tang kaliyugâ, -bangun bhedane apatih, Batan-Jruk sira, rinangsukan ing Kâli.

135. Sinaputan ta sira de ning tribheda, lobha moha mūrkhā ti, -nangguhan ta sira, de dang gurw asthâpaka, tan kedēp sira sang ādi, awasânanya, inambulan kang purī.

136. Parēng kalawan sira raden Anggungan, inakon-akon uni, sira hyang Anggungan, wineh gumantya rāja, garjita tēmbē nṛpati, dadi rinēbat, sang rājaputra kalih.

137. Wus pinañjara kalih sang rājaputra, ana arinira strī, sang putrī listw-arja, amrih aminta jīwa, pinrang denira apatih, Batan-Jruk sira, dady angēmasi pati.

138. Sang rājaputra kalih kang pinañjara, kēna sira minaling, dene Kubon-Klapa, amārga ring pongpongan, ing bata sira lumaris, kulwan ing pasar, weçmane kryan Manguri.

139. Anuli mijil sira ring pikandēlan, prâpta punang wong Bali, kinēpung kang pura, ibēk punang sañjata, anane rakryan Pinatih, lan Kubon-Klapa, Tabanan Tēgēh-Kori.

140. Pagatepan Buringkit lan Kaba-Kaba, Kapal Sukahēt malih, Pacung Abyan-Sēmal, nguniweh Pring Cagahan, Tangkas Brang-Singha tan kari, len sangkērīka, akeh sañjata prâpti.

141. Sami prayatnâprâya angrēmēk sira, Batan-Jruk tuhu wani, dady asor ta sira, sah saking Swechâpura, pradeçēng Bungahyēn-ungsi, tinut ing yuddha, katututan tumuli.

142. Pējah ta sira dewek anēng jungutan, norâna bela malih, kunēng hyang Anggungan, anungkul asmu erang, nisteja rûksâ-muringis, laju binuwang, dene sanakirēki.

143. Kyayi Pāṇḍe anungkul aminta jīwa, kya Manginte kinanti, -nira anumata, makasādhananira, kyayi Toh-Jīwângēmasi, anging tan tēdas, Baru-Gudug ngēnani.

144. Hyang Anggungan pinuccha mari kṣatriya, ndan kawarnaa malih, kyayi Abyan-Nangka, tumut sira kryan Tusan, kyayi Bē-bēngan kagingsir, tinut ing yuddha, sira sagila mati.

145. Asangidan ta sira ri sor ing yawa, ndan ikang pakṣī gēnding, tan mari maswara, ri ruhur ikang yawa, dadi kang wong anut buri, nēhēr atulak, kēna marmanyaurip.

146. Nimittanya n sakulasantānanira, adrēwe apapali, yawa mwang kitiran, tan kawēnang amangan, larut ta sira umungsi, marēng pradeça, Karang-Asēm winēgil.

147. Watu-Aya unggwanira asēnētan, kunēng kawarṇa malih, ta sira rahadyan, kalih ruhur ta sira, rahaden Bēkung gumanti, sor kawiwekan, sira dene sang ari.

148. Tan len sira angēmban sirākangira, manggēh angadēg patih, Manginte ta sirâ, -patiha kayēng kuna, ndan kottamanira malih, mijil pāwaka, saking çiwadwārēki.

149. Kalih pwa tanganira asurat cakra, katēngēr kang ring uni, dukirāmtrakawan, anēng pangeran Kapal, pan sira ng bapa ing uni, sirāngumbara(h), anēng Kapal-pradeçi.

150. Ndan kyayi Pāṇḍe mangko wus siddhasādhya, ingampura de aji, ingadu ta sira, asring sira jayēng prang, sapalwa bhraṣṭānēng uni, duk ing Çāmbhawa, sira andon ajurit.

151. Malih kâla ning çatru mara ring Tuban, saha bahitra prāpti, kadugy aprang sira, ēp untunira kēna, binēdil de nikang ari, sinambutira, winijil ikang mimis.

152. Tumuli sirānambut bēdil ingayat, amogha mimis iki, angēnani lawan, lastarika tinembak, pējah kang çatru tan kari, mundur kang palwa, tan ana angombali.

153. Kyayi Manginte ěnti sukha ning citta, tinēda kang pradeçi, wetan ing we Unda, kecchān dera sang nātha, kyayi Manginte anuli, anibakēna, kyayi Pāṇḍe nggamēli.

154. Sampun alama dalēm angrakṣa rājya, nirguṇa pwa çrī aji, tan ana opekṣā, angde pūrṇa ning rājya, lēwih tan eling sang ādi, siddha dewatā, ring Enggong nora bhakti.

155. Sangka ning nora malih amangun homa, ana ta wong amaling, umungsi dang gurwa, karih anandang braṇâ, -ngaku siningat ing sapi, marma kinārya, gīta umunggw eng Ampik.

156. Malih ana wong wadhon mūlanyātukar, ingulatan ing laki, kapanggy' asēnētan, pwa ya anēng pahoman, marma ning tan ana malih, homa kinārya, dera sang apalinggih.

157. Kunēng sang pāṇḍyālēngis mantuk ing tayâ, -mor eng nirbāṇa licin, tan kacakra-bhāwa, kari sirānakira, sang Agra-Kulwan kakasih, Daha ta sira, pinakādi ning linggih.

158. Malih sirāyinira Agra-Ler sira, Ñoman-Lor sira kalih, Pasurwan ta sira, malih sang Agra-Wetan, Ñoman-Wetan sira kalih, istrī sawijya, saudara katrīni.

159. Kang istrī sira aparab ni Swabhāwa, kanīten sira sami, ndan malih Ida Mas, saking pangeran ěmas, Patāpan wētune malih, saking kawula, gagawan ing wong istrī.

160. Pan sanake pangeran duk ing katur ang, -gawa kawula dāsī, ya ta jinasmara, mētu Ida Patāpan, wacana duk karing uni, çrī bhagawān ta, sang umor ing awyati.

161. Tan kecchān santānanira anēmbaha, ndan sang tinilar sami, gēnēp parikramā, -pan sira wus adikṣā, ri kakangira angambil, wijil ing Daha, manggē maka-sang-ādi.

162. Sok pangeran Talāga sira tan angga, dang gurw anugrahani, wet ning çaktinira, wiku piṇḍa wālaka, prajña tan anānandingi, asring awedang, duke ring anglurah Pring.

163. Kalih ta rēntangira nguni asanak, duk kinen abēbrēsih, kawēngan sang raka, malih awēkas-wēkas, tan wineh sira angirim, ri pējahira, rakanirāmisinggih.

164. Don ing ana gīta Tēkēn waramārga, ndan sinambangan deni, -ra sirākangira, Duk ing wiku bangēran, malih sang ari nggugurit, ana ta çīṣya, inunggwakēn ing gurit.

165. Kunēng kocapakēna ring Ender ikâ, -kweh akārya lulungid, kidung Rangga-Unya, malih Amūrwa tēmbang, Amṛtamāsa Patol Wi, -lēt sih tan pēgat, adulur Saha wiji.

166. Rarēng taman Kakangsen Rara-Kadura, Kēbo-Dungkul Tēpas Ca, -ruk amṛtamāsa, nahan pangapinira, muwah ta sira sang ari, Sirikan-Wetan, Buk-Cabe akakasih.

167. Sira alilingsyan anicipi sēga, pasung çrī narapati, ring anglurah wīrya, wikan sira sang nātha, yāngde tan trpti ring ati, dadi ta lunga, mungsi pradeça thāni.

168. Ararasan kalih lan sirākangira, dene sinabhēng purī, apan ewuh dahat, kahrētan ing indriya, pilih apuhara pati, sirāyinira, harṣa sirāmisinggih.

169. Tan len sira sang kocap amangun gīta, Mantrī kele inapi, -nirēng pralapita, kunēng sasanakira, paṇḍitāsiddhi susandhi, lwir saptatīrtha, kottamanira malih.

170. Warṇanira tan pendah saptapaṇḍita, prasama anunggali, çīla parikrama, kunēng sirāsthāpaka, srēgēp ta sirē brata ning, kamāyānikan, lēkas ing sattwabodhi.

171. Alawas malih kunēng sira sang nātha, çaya mopēk manahi, -ra tan anōpekṣā, tingkah ing krama nātha, arang ta sira tinangkil, lali ta sira, reh amukty eng nagarī.

172. Kang ri yawa tinangkil de ning swabhṛtya, tēlas rakryan apatih, Manginte ingayap, kunēng para punggawa, makādi rakryan Pinatih, mwan Kubon-Klapa, Manguri adhimantrī.

173. Akudon-kudon manah ing anewaka, ri çrī aji Saganing, paran ing asebā, prāpta tang kaliyuga, angētēk tēka lumindih, walat-winalat, ambēk duṣṭa acēngil.

174. Corok-cinorok tan wēnang pinihēran, rug çāsana ning mantrī, kweh dārātikramā, -ngambēkkēna tan wēnang, amet rabi ning arabi, dahat alanya, ri sang mahābhūpati.

175. Wontēn kawulanira pun Lo(h)-Akārya, ya ta cinorok deni, -ra rakryan Talabah, wustu ri wēkas-wēkas, dadi paratra kang laki, kari kang wadhwan, pinañjinga ring purī.

176. Yatika jinamah de pun Lo(h)-Akāryā, -wēkas apiṇḍa eling, -a kyayi Talabah, wineh nasi carikan, karane amangun runtik, ken Lo(h)-Akārya, dadi rumasēng ati.

177. Amet upāya amangun krambalangan, çocanyâbēcik-bēcik, kara ning mangkanā, -pan nyayi Saman-Tiga, strīnira çrī narapati, sira winalat, de pun Talabah-kyayi.

178. Wus akārya babadong rinangsukira, dene rakryan Manguri, wēkar ing pangastryan, marēk ing çrī narendra, lingira çrī narapati, ih Lo(h)-Akārya, ababadong wong iki.

179. Ing ěndi olih iku pun Lo(h)-Akārya, mesēm anēmbah singgih, kawula akārya, wingi iki sapūrṇa, punapa karṣa nṛpati, yan kino-nēngan, kawula angaturi.

180. Lah iya isun iki kurang apaa, bontēn ing ngong angambil, balik kēnātirwa, mangke kaarēp ing ngwang, angrarah mirah abēcik, kang sawawaa, bhūṣaṇa ning ngong iki.

181. Mesēm anēmbah kyayi pun Lo(h)-Akārya, singgih kawulā-manggih, simsim açoçoca, mirah tan sama-sama, mangko inganggo ring yawi, kyayi Talabah, adrēwe punang simsim.

182. Angandika çrī aji akon anēlanga, anuli sinēlang de, -ne pun Lo(h)-Akārya, marēng kyayi Talabah, kalpika çrī narapati, ahyun wikana, wus winehan tumuli.

183. Katur punang kalpika ndan çrī narendrā, -mēlēngēk ndatan pangling, rumasa ring citta, ah iki simsim ing ngwang, sun wehakēna ring yayi, ni Saman-Tiga, ala kapo wong iki.

184. Wēkasan angling sira çrī naranātha, e Pāṇḍe tan sinipi, ngong amanggih wirang, mangke ilangakēna, kalilipaningsun iki, pun Lo(h)-Akārya, matur sahāwot sārī.

185. Singgih de ning punapa tan wruh kawula, lingira çrī bhūpati, ah masa tan wikan, lah iki simsim ing ngwang, sun wehakēna ring yayi, ni Saman-Tiga, pamahugēngsun uni.

186. Dayaningsun ala kapo ki Talabah, kalagan ni pun (of: kalaganipun) (n)yayi, bhayâcocolongan, lah iki cihna nika, kalpika mangke kapanggih, lah tambanana, lara wirang ngong iki.

187. Singgih dewa yan sampun karasēng citta, alanira sang rayi, lan kyayi Talabah, mangkēngsun patenana, lingira çrī narapati, aja mangkanā -kweh wargane tan sipi.

188. Silibēn patine wineh upakāra, siddha ning sandhi-sandhi, ken Pāṇḍe misarja, tumuli umañjing a, -maraa ring Warāpsari, amangun sasat, kṛtasamaya kalih.

189. Ling dalēm singgih çrī pāduka bhāṭṭāra, sang umunggw eng Toh-Langkir, yan siddha ning sādhyā, paratra ki Talabah, yen sun atilar ing brawīt, bhāṭṭāra uga, anikēlēngsun iki.

190. Sumahur kyayi Pāṇḍe singgih bhāṭṭāra, sang umunggw eng Toh-Langkir, yan (n)ora paratra, punang (ng)lurah Talabah, sapāpa nikang wong Bali, insun oliha, yen sun tan satyēng brawīt.

191. Kalih sama anēmbah i jēng bhāṭṭāra, sang nātha maring purī, ken Pāṇḍe mijila, mantuk mara ring weçma, wus amit ing çrī bhūpati, tan kawarṇaa, sampun ing dina rātrī.

192. Akeh de rakryan Pāṇḍe amet upāya, pēh nikang Rājanīti, glar ing Kāmandaka, kunēng ri wēkas-wēkas, siddha paratra kang pinrih, kyayi Talabah, de ning opāya sandhi.

193. Tos ning Panasani ki Capung nāma nika, mūla kawula deni, -ra kryan Panulisan, wadwa kang kaparcaya, kinen anuduk dera kya, -yi Pāṇḍe-Bhāṣā, anēng Kuṭa-pradeṣi.

194. Wontēn baṅyagā sinisip sinakitan, tan yogyāpidaṇḍa de, -nira kryan Talabah, sekaprāya kalawan, ki Capung mañjing ing purī, sanding ing dwāra, sēdēngnya samar rahi.

195. Ki Capung rakwa agēlung kaya wadhwan, angagēm punang kēris, Kapalang-Aḥoka, kunēng kyayi Talabah, yatna mantukirēng purī, makahad udang, tan-sah angunus kēris.

196. Ki Tiñjak-Lēsung duhung inagēmira, tan-dwa sinuduk ta si, -ra sangkē iringan, masuk Kapal-Aḥoka, mangka ujar ing amūji, kyayi Talabah, añangkewang tumuli.

197. Kēna punang baṅyagā tumuli pējah, ndan pañumbunge kyayi, kewala masuka, durung tutug ingaran, enggalan sirāngēmasi, maty adadagan, sira aniba kalih.

198. Ki Capung luput tan kataman wikāra, dene kawidagdhan (n)i, -kāmasang opāya, sapatuduh ing tuhan, katur ing ḥri narapati, sukha sang nātha, dene wus labdhēng gati.

199. Pintēn ing kāla lama tan ana wruha, ḥayan tēka lumindih, punang kaliyugā, -durbhikṣa kang nagara, tralayanira kryan patih, kya Pāṇḍe-Bhāṣā, bhraṣṭa pangdan ing Widhi.

200. Mogha ki Capung lucu nora tinaha, wiṣṭinipun aguṣṭhi, nganggo sakawēnang, tandang manek laleyan, tan wruh punang wong akēmī, dadi tinumbak, pējah dene amungil.

201. Sapatine ki Capung tēka strī nikā, -ulun-ulun anangis, sasambate asrak, anambat ta yēng kuna, duke kinen amatyani, kyayi Talabah, ingutus de ning gusti.

202. Karēngē dene kyayi Agra-Byasama, parnah wēka dene kya, -yi Pāṇḍe matuha, kinon ta ya mēnēnga, mangkin tangise añjērit, lwir gēlap tuha, tan ana den keringi.

203. Nēhēr pinahid-pahid mara ring pasar, jinambak tur tinigtig, mangkin ta yāngērak, yaya kumandang tuha, tangise ebēk ring mārḡi, mwang kang ing pasar, pira wong angawruhi.

204. Nuli tinēwēk pējah tēngah ing pasar, tan warṇan dina rātrī, karēngē denira, kyayi anglurah Kañcā, -pan pasanakan lan kyayi, ngēmasi lampah, lunga sira anangkil.

205. Prāptēng Lingg'-hārṣapura agagañcangan, tan-dwa matur i jēngi, -ra ḥri naranāthā, -nēda cor pangrarata, sang nātha tēkāngadyani, eling ta sira, dene akeh kang wargi.

206. Kyayi Pāṇḍe angrēngē aglis marēka, matur i jēng nṛpati, duh dewa pangeran, yan anēnggeh pun Kañca, prāpta marēk i jēng aji, kocap anēda, anibanana jañji.

207. Punapa karṣa pāduka prameḥwara, sahurira nṛpati, ngong iki aweha, dene akeh kang warga, pun Pāṇḍe nēhēr tan pangling, amit mantukā, -rēntang rasa ning ati.

208. Sampun prāpta ring weḥma angayat pējah, meh parēk anggār' kasih, tur akārya gīta, Nāthamārtha ingaran, sinambangan anaknēki, dinwiṣṭakēna, sukha matya ajurit.

209. Tur angucap sang bapa ring anakira, duh anakingsun kaki, katapak denira, pakāryanira tuhan, kang anak umatur aris, singgih angapa, kalinganipun iki.

210. Kang Wiḥwakarma mangko akārya yaḥa, singgih punapa kyayi, yan tan linungguhan, sukha twasira bapa, angrēngē tur angingoni, asukhan-sukhan, lwir amungpungēng urip.

211. Binēbēng karangira ken Pāṇḍe-Bhāṣā, de ning kuṭa durgati, dene wus kātara, kyayi Pāṇḍe tan harṣa, sira ananggapa jañji, orēg sarājya, pada anragah wiṣṭi.

212. Pan ḥri aji Saganing andulurana, prāyane sira kyayi, pun anglurah Kañca, ḥighrānēmbang pangarah, geger tēkēng tēpi siring, nabuh tangaran, prāpta kang tanda mantrī.

213. Saha balāsrēgēp anggawa gagaman, ebēk Swecchānagarī, munya gong ghūrṇita, lwir karungw ing ambara, pēpēk sang parādhi-mantrī, makamanggala, sira rakryan apatih.

214. Tan len sira amangku anēng nagara, Manginte lan Pinatih, manggēh Kubon-Klapa, Singh'-hārṣa Pagatepan, Brang-Singha Tangkas Jalantik, mwang Kaba-Kaba, Tabanan Tēgēh-Kori.

215. Pandarungan Buringkit kalawan Kapal, Sukahēt anglurah Pring, Pacung mwang Cacaha, Camangawon Cagahan, mantring Gajah-Para malih, mwang Abyan-Sēmal, saha sañjata prāpti.

216. Pangarēp ing sañjata anglurah Kañca, sira ādi ning runtik, kaya gagarangan, arēp māngsa mūṣika, tandange tēka añjrihi, amara-wañca, lampah ing balamantrī.

217. Sampun tiningkah dinum lampah ing bala, kang punggawa anuli, prasama agëlar, mangke khinaᅇa-khaᅇa, punang sañjata lumindih, lwir tasik muntab, anëmpuh karang hasti.

218. Umyang punang gamëlan ki Sëkar-Sandat, ring taman Waräpsari, lwir guruh Kärttikâ, -mangun harᅇa ning citta, swarane arum amanis, kadi angalap, jîwa sang pinr' ing jurit.

219. Amoghâguntur agung punang we Unda, ndatan paawan riris, wet ning çaktinira, dalëm angambëngana, sañjata wetan ing warih, pakᅇatlunga, kyayi Pāᅇde ajurit.

220. Ibëk punang sañjata kadi jalada, mayat awëtu riris, lwir taᅇit kang pëdang, warᅇa nika mijila, tiba ning mimis jamparing, pasar asulam, tatabuhan gumirih.

221. Kyayi Pāᅇde kadi jong munggw ing samudra, ingalapan kamudi, layar lawan olah, pakᅇa arëp anabrang, ndi mārᅇa nika tan wiᅇti, byakta karëma, madhya nikang jaladhi.

222. Wet ning wongira kari wetan ing toya, layar olah kamudi, yan tan kambëng ing wah, prāpta tumulung sira, byakta gëmpung ikang kari, pilih kawawâ, -nabrang punang banawi.

223. Ujarira bapa ring sirānakira, kaki kita katrīᅇi, anakingsun tuhan, tan wandhya sun palatra, apan karëngë demami, ki Sëkar-Sandat, muni ring Waräpsari.

224. Tur binëbëng isun iki de ning kuᅇa, yaya ramanta mati, ri dalëm ing garbha, yan nora sun mijila, yan angenakanëng ati, sirānak ing ngwang, karyâgësanga kaki.

225. Pilih këna pinalar salah sawijya, i jëngira nᅇpati, aminta jîwita, waluy atur mastaka, den langgëng ayo kagingsir, wangi ning sëmbah, çûradharma kang pinrih.

226. Mangkana ujarira sarum ning tingal, sang liningan nahuri, sëmu-sëmu wäspa, singgih bapa tan owah, ranakta tëka umiring, salampahira, yadyan datëngëng pati.

227. Bontën ta rûpa kadi sirānakira, atilara ring rawit, agëng pāpa nika, angaryakën paryangan, bhrûᅇaha rakwa pinanggih, mangkin sang bapa, ënti sukha ning ati.

228. Lah kaki anakingsun iki kang wadwa, tarinën sakëng aris, ndi wënanᅇ tumuta, ayo kita amidhya, ayo gigisun den pasti, angamuk rampak, çûramārᅇa den ungsi.

229. Sandikanira bapa sun tan wihanga, lah anakingsun kaki, sapa kang ring kulwan, kidul den tata sanak, kyayi Byasamānahuri, singgih kang kulwan, tan len pangeran kaki.

230. Kyayi Pandarungan kang kidul agëlar, tinut eng balamantri, lurah Bheda-Mukha, linge sira pangeran, punang kidul kang den ungsi, wit ning çabara, pātakâgëng bhinukti.

231. Sampun mangkana amit sira ring bapa, ndan lingira sang rawit, kaki anak ing ngwang, wastua siddhasādhya, amanggiha sādhya kaki, den langgëngana, çûradharma den ongsi.

232. Malih amit ta ri sang hyang Çiwamārᅇa, saha praᅇamya bhakti, anulya ta sira, asung adadar-dadar, panganggone sarwa-putih, kadi kulurak, aᅇjrah katon aputih.

233. Bëñër ing mārᅇa nora ahyun ta sira, angamuk anak rabi, agëng pāpa nika, alilang kang swacitta, nëhër ta sira umijil, saha sañjata, prāpting pasar tumuli.

234. Katëmu sanakira kang abhiᅇeka, ky Aᅇjar-Rame liningling, kantuna ta sira, kaka amit paratra, sumahur sira sang ari, kaya tan tᅇᅇᅇâ, -çabdäsogol smu runtik.

235. Ah lamun mengkene ana awawarah, lamun sukhane bhukti, norāna marowang, lah lumakw aruhunan, ing ngong tëka manut buri, lagi adahar, memengkeng tan gigisin.

236. Wusira adahar lumaris ta sira, manut kakangirëki, ujarëki pragalbha, nah jani lawan-lawan, tandange tuhu winani, angamuk rampak, parëng kakangirëki.

237. Bëdah kang kuᅇa kidul mangke rinangsang, rame kang prang sily'-okih, keh pëjah kacürᅇan, bëdil muny arantunan, surak asru angidëri, awor mᅇdangga, kang wāhana padānghrik.

238. Kang balāpagut rame nggalah-ginalah, kalih tan kanan ging-sir, manggëh çûrëng raᅇa, lwir tan natgatëng bhaya, kang tameng pëdang lawan kris, dadap lan kantar, tulup panah suligi.

239. Tanpântara jamparing pasar asulam, mimis akeh ngënani, hru tanpa pëgatan, lwir udan akëcëhan, tan ketung tëkāmᅇpëki, dene wongira, kyayi Pāᅇde tan ajrih.

240. Smu kagiwang balane ken Bheda-Mukha, akeh pëjah akanin, tinut sinurakan, runtik sira tumingal, tumandang kadi dadali, arëbat māngsa, parëng sabalamantri.

241. Surak umwang gumuruh satatabuhan, yaya karungwêng langit, bangun ramya ning prang, balâocak-ocakan, tan pendah alun eng pasir, aněmpuh parang, pan kakwehan ing ari.

242. Mangkin rusak balane kyayi Byasama, pějah akweh akanin, lud kidik kang wadwa, tur tan ana tumanggal, marmanyâpiṇḍa kagingsir, mulat sira kryan, Pāṇḍe runtike ěnti.

243. Parěng tumandang sanakira lan anak, -ira sira katrīṇi, samāngĕrab roma, kadi kěbo angunda, tameng lan pėdang kinatik, lwir singha rodra, tandangira añjrihi.

244. Tinut ing bala sakaḷeṣa ning pėjah, kang kacūrṇan apulih, tan edėp kacūrṇan, ususnyâkurambeyan, ingĕrėb nora den tolih, tan ya kewėd a, -pakṣa malih apulih.

245. Kadi warṣa kang mimis pasar asulam, hru kalawan jamparing, tan den rasanana, angrěng angamuk rampak, kang lawan tan kanan gingsir, surak ghūrṇita, tatabuhan amlingi.

246. Arangkit tang prang rame kadi ring surat, kalih tan kanan gingsir, ndatan-dwa kawėnang, ky Añjar-Rame rinėbat, akeh antuknyāmėjahi, mantrī mwang bala, rusak ingosak-asik.

247. Mangkin muntab pamuke kyayi Byasama, parěng sira sang ari, binabad kang lawan, asing den tėmpuh rėbah, tan pendah tambak kagingsir, pinarag ing wah, alyus sama awrin-wrin.

248. Čayan ingungsėb tan wineh arerena, ginrėk kaprėg linindih, sangcaya kagiwang, balane Bheda-Mukhâ, -pan sira mangke inungsi, dera Byasama, pinrih atanding jurit.

249. Kagyat bubar balane keñ Bheda-Mukha, mantrī tan ana kari, kesisan ta sira, meh sira kawėnanga, tandange tėkāmrepėki, Agra-Byasama, kadi mong anon kañcil.

250. Tan-dwâlumpat alayu ken Bheda-Mukha, tinut tinudingan li, -nud inguman-uman, ajrih tan atoliha, mundur umungsī kikisik, Cėdok-Andoga, sor ing pandan angėpil.

251. Apegok angulon ta sirāgamuka, kyayi Pāṇḍe lumindih, lan sirānakira, yaya agni ujwala, tan kemut eng jīwa sami, tandang arampak, tuhu prawīrėng jurit.

252. Balanira Pinatih lan Kubon-Klapa, prasama angambėngi, rame tėkang pėrang, silih-untab-inguntab, pada tan kaanan gingsir, čurasārėng prang, tan jrih akayėng gusti.

253. Čabda ning bala wīra asumbar-sumbar, awor swara ning bėdil, kėndang gong ghūrṇita, yaya ruga ng ākāça, kang surak awanti-wanti, akeh kawėnang, bala sejyan akanin.

254. Kang prawīra apagut lawan prawīra, silih-galah silih-kris, silih-prang aosyan, silih-tėkėk anigas, -tinigas pasėleng-panting, mbuntal-binuntal, padāngėmasi pati.

255. Kang kuṇapa atindih atumang-tumang, kang rah adrawėng kṣiti, ken Agra-Byasama, parěng sasanakira, sirāmanira tan ajrih, angamuk rampak, angduk angobat-abit.

256. Lwir gajah roṣāngunda tameng lan pėdang, akweh mantry angėmasi, wrin-wrin punang balâ, -keh pėjah kasulayah, sing malang tan urung mati, pinrih iniras, larut kadawut ajrih.

257. Alulunan malayu amrih jīwita, pati purug-purugi, tunggul akeh rėbah, kėndang gong keh katinggal, malayu anginir bėdil, amrih angulwan, liwat eng toya Pipis.

258. Kyayi Pinatih kalih pun Kubon-Klapa, gingsirira kaili, de ning wah ing bala, ical kang payung tėnggran, ndan sira sang amrih pati, angalor sira, andungkap lawan tan jrih.

259. Kang saka lor umungguh tuha ning bala, manggėh kang senāpati, sira kryan Tabanan, parěng lan Kaba-Kaba, Buringkit lan Tėgėh-Kori, tan-dwa apapag, balanira arangkit.

260. Brahmaçara kumutug tanpa parungwan, kaya tamyang dinagdhi, kang mimis asimban, panah kalawan pasar, jamparing duk-duk suligi, tanpa pėgatan, tumiba kadi wṣṭi.

261. Pira lotan ing kidik tanpa sahāya, kalud kakwehan kanin, sudhīra angankas, aprang tan edėp braṇa, lwir banteng kokalan kanin, tėkāmrajaya, akweh çatrw angėmasi.

262. Mangkin kang surak kaya swara ning tuban, umwang awanti-wanti, munya gong ghūrṇita, srėngėn ken Pāṇḍe-Bhāṣâ, lan anakira katrīṇi, angiras lawan, parěng bala kakhyaṭi.

263. Asing pinarag rėbah kaparawaça, ginggang kadawut ajrih, malayw alulunan, lwir alun eng samudra, kadrėsan pawanagati, tinut binabad, mantrī aky' āngėmasi.

264. Gingsir angalor nora wany apulihâ, -ngili ring durgadeçi, kunėng tuha nikâ, -ngunggut-unggut pinarag, ing bala bubar kagingsir, lali ring tuhan, silih-idėk atindih.

265. Ñusun-sinusun wangkyângibëki lëmah, kang rah ngabangêng kṣiti, apegok mangetan, pamuke kyayi Pāṇḍya, malah akidik kang kari, wilangnya samas, kari satus angiring.

266. Ken Pandarungan abalik marëp kulwan, mūlanira ing uni, tugur marëp wetan, apan sirânakira, saka kulwan anëkani, nëhër pinaran, asmu guyu derângling.

267. Duh kamayanan prâpta sirânak ing ngwang, ëndi paran-irëki, duh singgih pangeran, iki sirânakirâ, -marëki jëng çrī bhūpati, ih aja bapâ, -marëk ing çrī bhūpati.

268. Yan sampun paman angëmasi paratra, manawa sira olih, marëk ing sang nâtha, anuli sira karwa, silih-landësan ing këris, ri sor ing dada, sang paman angling aris.

269. Lah sudukana ingsun den ruhunana, singgih anakirëki, suduk rimihina, lah suduk uga paman, sinuduk denyânaknëki, mūlanirâtwas, dadī tëdas sirëki.

270. Norâna karasa prâṇa tatunira, linge pamanirëki, aduh anak ing ngwang, aritang ñuduk maman, ingarit denyânaknëki, wahu karasa, prâṇa tatunirëki.

271. Winalësan sinuduk sirânakira, trus dadanya umili, rudhirâmulakan, kadi wangkawa këmbar, kalëson ta sira kalih, maty adadagan, parëng aniba kalih.

272. Ndan wadwanira kari çësa ning pëjah, parëng kyayi katrīṇi, angamuk ta sira, tandange kady añutan, tan ketung akweh ing ari, sama adudwan, denya amrih pakolih.

273. Ken Byasama angamuk marëng pangastryan, tan panaha lumaris, ri jro ning carangcang, ngunda tameng lan pëdang, tandange tëka añjrihi, kadi çârdulâ, -lapa amanggih bhukti.

274. Kang atunggw i pangastryan rama-twanira, sira sang aka-kasih, anglurah Singh'-hârṣa, asmu wâspa angucap, aduh mantunisun kaki, urip ta sira, sun añopâna kaki.

275. Pan de warang sira angëmasi lampah, daṇḍanira bhinukti, ken mantu angucap, orârja de ning ma-twa, ala ayu de ning rawit, tumuly anumpak, amuk angosak-asik.

276. Awrëg alulunan kang wong ing pangastryan, aky' angëmasi patī, wangke pajulimpang, anârëp anandanga, sinayutan dera kyayi, ajânumbaka, canggah mantu n ngong iki.

277. Dene akeh kang mati jro ning carangcang, srëngën kang bala wargi, rinëbut ginalah, pëjah sirëng pangastryan, rama-twanira kapti, inusung sira, pinalayokën aglis.

278. Madhya Sirikan prâyângamuk ing pura, amrih awan masuk i, urungan ing toya, mañjing ing dalëm pura, paling ta sira umijil, de ning timira, prâpta ri eng tumuli.

279. Kinëmbaran paratra wontën ing mârğa, mangke wus bhraṣṭa ënti, saputrapotraka, -nira ken Panulisan, kunëng ri wetan ing wârih, wongë ken Pāṇḍya, asasambat anangis.

280. Prâya atulung mogha kaambëng ing wah, yan tan kam-bënging wârih, pilih bhraṣṭa gëmpang, punang Lingg'-hârṣapurâ, -pan liwat dama awor tis, dene arowang, marmanya atoh pati.

281. Sukha pwa dalëm dene lawan wus bhraṣṭa, tur amëlëdog kuñci, pan uni duk ing prang, inginëb punang dwâra, angëkës sira ring purī, munggw ing pangastryan, tëlās dalëm Saganing.

282. Lingsir ing sūrya wahu tëlās ing prang, punang kuṇapa sami, kinen inalapan, gawa maring bugbugan, kunëng çawanira kyayi, ngëmasi lampah, wus ingalapan sami.

283. Inusung ginësëng de ning kadang warga, wus ingañut ing wârih, rëm-rëm ing ambara, hyang arka kaginëman, kang rājyâsamun asëpi, kadi malara, ri sang uwus alalis.

284. Lëwih lara ning sang ing purī kaptayan, umyang tangis ing istrī, sambatnyâmlas-harṣa, yaya cucur angarang, lara ri pati ning çaçih, mangke amalar, palar tumanggal malih.

285. Pan tan iwang kasëpyan punang nagara, akweh mantry angëmasi, nguni duk ing aprang, sok Manginte lan Kañca, tan katampuh de ning ari, lor kar' ing wetan, prënahirânanggëni.

286. Pintën ing dina mangke sampun ing yuddha, sira rakryan Manguri, ri pati ning anak, akārya sira gitâ, -rjuna pralabdharânëki, eling ta sirâ, -nangkil ing dalëm purī.

287. Malër aminta kârya sirânunurat, tan ecchâ çrī bhūpati, kinen umantuka, amit sira mantuka, tan ilang bhakti aswāmī, ri wëkas-wëkas, lëpas sira n umulih.

288. Maring çūnya alëngis tanpa amëngan, kunëng sira çrī aji, sang sangkan ing rundah, giningsir saking pura, ring jro Kapal akikiwi, tur pinaraban, dalëm Bëkung çrī aji.

289. Ndan tucapa sira manguri wiweka, Brang-Singha panang-gahi, -rânêng Bali-rājya, sirâsamaya pējah, kyayi Pring sirândolangi, angimur sira, sang inimur tan gingsir.

290. Wusan abrēsih sira anēhēr lēpas, malih sira kyayi Pring, mangko sira lēpas, kalih kaçewa-boddhan, wus pada tēgēp ring aji, bhinasmi sira, ring kaçāntikajñāni.

291. Inañut sirēng paramācintyanira, tan kawarṇaa malih, kunēng çrī narendrā, -wuru gadung ta sira, ri rum-rumira sang ari, strī Saman-Tiga, kinen inunggwēng gurit.

292. Winarṇa denira çrī pāṇḍya Talāga, liwat denirāmūji, duk akārya gīta, Caruk amṛtamāsa, ingalēm dene çrī aji, kawijñanira, eman dene tan eling.

293. Ken anglurah Jalantik mangke kocapa, tan marya anggung wingit, ri pati sang bapa, ala gurutalpaka, dadi lintah ring aweci, duk patinira, sira alabēh apuy.

294. Ndan ujarira bapa ring anakira, akon añupata ma, -la mati ring raṇa, don ing akārya gīta, sinangṣiptanira de ning, ulah durjana, -nira anut eng buddhi.

295. Wēkasan ananakti sirānakira, ring cungkub ing Karoting, dadi labdhakārya, ana ujar ing Sūkṣma, wacananira bhaṭṭārī, akon mantuka, siddhasādhya ning gati.

296. Mantuk ta sira ěnti sukha ning citta, sampun ing dina rātrī, dady ana andika, -nira çrī naranātha, andona ring bhūmi Yawi, marēng Blangbangan, Pasurwan den lawani.

297. Garjita sirānuhun ājñā sang nātha, kyayi Manginte malih, kinen amantēsa, tēka ring panamaya, -nira umangkatājurit, nuli ta sira, apapanggih ing rabi.

298. Ndan kawēnangan mangke sirāyinira, alungguh eng patani, tumurun ta sira, duk datēng lakinira, kinen ta sira alinggih, nēhēr ingēmban, parēng sira alinggih.

299. Asēng smita lingira sirākangira, duh ariningsun yayi, kantuna pangeran, ingsun amit paratra, iki wētēngtāri mesi, sama lan ing ngwang, mogha mijila laki.

300. Palar ana sihira çrī naranātha, ri sira makadāsī(h), iki anakira, makawangī ning sēmbah, den warasa uga yayi, ātmajīwita, ingsun amit lumaris.

301. Sang sinrahan andikānahuri wāspa, tumungkula tan pang-ling, ndan sirākangira, lumaris maring pura, amit ing çrī narapati, sadatēngira, mēndēk sahāwot sārī.

302. Singgih dewa kawula mangkwāmit pisan, masa datēnga malih, sumahur sang nātha, ila-ila mangkana, nēhēr ta sirāmit mijil, mangke mangkata, srēgēp bala angiring.

303. Saha sañjata wontēn rakwa rong lakṣa, lampahira lumaris, sampun prāpting Kuṭa, mungguh sirēng bahitra, wahwa anumpak banawi, bēntar kang palwa, tan wikārēkang ati.

304. Malih ta sira mungguh marēng bahita, saha bala lumaris, srēgēp tan anāngsal, saha sangu ning bala, tigang dintēn sirēng mārgi, datēng ta sira, ring Panarukan ñjawī.

305. Lwir binuwang tumurun ikang pangrupak, anglēsēr tumañ-cēb ing, lēmah ing samudra, pingrwāmanggih durbhikṣa, yaya tan kāwāran rusit, embēh prabhāwa, tuhu prawirēng jurit.

306. Lastary atuturun sira saking palwa, tinut eng balamantrī, amompoka sira, ry alas ing Panarukan, tan kurang ing tadah bhukti, wong ing Brangbangan, amomot sārī-sārī.

307. Kalih dina kang bala olih araryan, tumuly amrang kikisik, pradeçēng Pasurwan, wongnya samālaradan, angungsi ring durga-deçi, sawaneh ana, mungsi marēng nagarī.

308. Akweh punang wong prāpta saha gagawan, angēmban anak rabi, anangis alara, waneh atawan braṇa, matur i jēng çrī bhūpati, agarawalan, çrī narendra umijil.

309. Anēmbang pangarah orēg aguduhan, prāpta kang tanda mantrī, iniring ing bala, srēgēp saha sañjata, ebēk eng pasar ing mārgi, tēkēng pangastryan, tanpa ligaran ěnti.

310. Piniwruhan dene tinēkan ing lawan, palihbhaya ing Bali, akon angluruga, dusun-dusun wus alah, samangka tinuduh mantrī, -nira malaga, aglis lampahanēki.

311. Saha bala pēpēk saha kuda liman, sañjatābhṛā yaya lwir, alas ing kusuma, tan kawarṇaēng mārga, kañcit prāpta eng kikisik, katon kang lawan, aglar lwir gunung sārī.

312. Mantring Pasurwan nēhēr anarik bala, apuyēngan midēr lwir, cakra ning gilingan, surak asanggaruhan, kēndang gong umumy anitir, nēhēr tumandang, punang bala arangkit.

313. Kang awatang atëmu sama awatang, kantar ika arangkit, mëne padâkantar, dadap sama adadap, kang tulup lawan jamparing, parëng lan pasar, bédil muni anitir.

314. Lwir galagah katunon sèdëng kalahrwan, mimis ika lwir wrşti, aky' âlong-linongan, pada adus rudhira, ana kacūrnan ring hasti, danta aningat, lyan kedëkan akanin.

315. Smu kagiwang sañjata eng Bali-rājya, tan poly' atanggal malih, larut alulunan, kumyus kadi cāmara, kadrësan pawanagati, tinut sinurak, inudanan jamparing.

316. Kweh kawënanng dinuk ginalah inumban, len kacūrnan ing bédil, mimisnyânalasar, yaya tanpa tulungan, srëngën sira kryan Jarantik, nëhër tumandang, mantri parëng apulih.

317. Maring harşa amlëg turangga abinang, tameng pëdang kiniñci, kang bala sumahab, mantri parëng arampak, tandange tuhu winani, çürasârëng prang, tan jrih akayëng gusti.

318. Winalësan dinuk binabad kang lawan, tandang tëkâmrepëki, lwir mattamayûrâ, -galak amāngsa ula, tan pendah bhûtānon daging, tandang andëmak, amrājaya amëki.

319. Rusak kang wadwa Jawa pëjah kacūrnan, mantri muwah apulih, sing tëka rinujak, dene wong Bali-rājyâ, -pan sira rakryan Jarantik, sèdëng dumilah, sëng ning driya yayâgni.

320. Mantrinira amrih apakayëng tuhan, mantring Jawa kang pinrih, atanding kawīran, wruh sang pinaran wulat, pada tumandang tan ajrih, angalap dadap, saha tuwëk añjrihi.

321. Atangkëp dadap kalih pada widagdha, sumirat ikang agni, pagatik ing khaḍga, yaya udan pāwaka, karës-rës kang wong lumiring, lāghawanira, amrih chidra cariring.

322. Smu kasoran paprange sang mantring Jawa, akeh mati akanin, kondur kang wong Jawa, tinut mangke binabad, iniras ginrëk linindih, surak ghūrñita, tatabuhan gumirih.

323. Bubar-bubar pinarag osik rinampak, lwir kënas anon hasti, jrih nora tumanggal, atusan punang pëjah, kang wangke atap atindih, ing tëgal-tëgal, kang rudhira umili.

324. Pan sira kryan Jarantik prāyaanira, këdwa angañut urip, wus anglugas jiwa, mangkin lwir singha rodra, tandange tëka añjrihi, sing kaprës gëmpang, parawaça kagingsir.

325. Pilih bhraşta tinut katëkëng jro kuça, mantri tan anâpulih, sirârya tumingal, tur atakon eng bala, marma ning bhraşta kagingsir, matur kang wadwâ, -nënggeh rakryan Jarantik.

326. Makapramukha sañjatëng Bali-rājya, tan këna linawan wi, -dagdhânëng paprangan, tur tan akon gingsira, balamantrinira malih, kadi çārdulâ, -mburu çaça lan añjing.

327. Asmu erang sirârya nëhër angucap, e kita tanda mantri, mangke pintonana, sih dāna çri narendra, suwalën kāla ning wişti, anëng paprangan, byakta swarga pinanggih.

328. Sang liningan sumahur enggal kabangan, tan linggar ingsun iki, dede si wong menak, gingsir anëng paprangan, pan mangke inati-ati, atalang jiwa, maty eng dagan nṛpati.

329. Bangun tēngran gumuruh kang tatabuhan, surak awanti-wanti, kang bala sumahab, lwir alun eng samudra, anëmpuh suku ning wukir, ocak-ocakan, punang bala atanding.

330. Pan sirârya makamanggala ning aprang, liman wāhananyëki, mantri munggw eng kuda, harşāngadwakën bala, marma ning aprang tan gingsir, silih-sañjata, wadwa Jawa lan Bali.

331. Tan ketang kweh ing pëjah kadi sirara, wangke ning kuda hasti, kuṇapa ning bala, atunah eng paprangan, tan giwang rame ning jurit, surak ghūrñita, bédil lwir bajrasaki.

332. Pan kakwehan lawan meh angaştaguṇa, rusak kang wadwa Bali, pëjah lan kacūrnan, mantri akeh paratra, kendit mastakanya de ning, sang mantring Jawa, marmanyâpiṇḍa wrin-wrin.

333. Tinindihan sinrëg ginuntur ing bala, çayan akeh kang prāpti, pan mantri Mataram, prāpta atulung yuddha, saha balāsrang lumindih, mimis asimban, rame swara ning bédil.

334. Sangçaya kagiwang tan ana tumanggal, mundur sañjatëng Bali, tinut sinurakan, dene wong ing Mataram, pramukha rakryan apatih, parëng sirârya, mantri sama tumitih.

335. Mangkin bubar sañjata eng Bali-rājya, nora atanggal malih, saçesa ning pëjah, malayw angungsi wuntat, wikan sira kryan Jarantik, tralayanirâ, -salah sañjata nuli.

336. Çūnya mahāratha kang rinëgëpirâ, -ngadëg tēhër amuşti, tangan agëmira, këna sira giniwal, malih ta sira amuşti, malih giniwal, këna malih amuşti.

337. Manggëh angadëg yaya gily eng samudra, prabhānira lwir rawi, suteja anëngah, tandang tēka prawīra, rumëbut çīghrānaputi, kadi jalada, katampon ryak eng pasir.

338. Tan-dwa pëjah aniba sira ring lëmah, rëm-rëm teja ning rawi, teja ring ambara, tēngranira sang pëjah, prasiddha andungkap lëwih, wëngang anupat, pāpa sang bapa nguni.

339. Saphala sira manggëh makapanirwan, de sang sulabdhëng gati, kṛtayaçëng raṇa, rumuwat sang kawitan, kunëng saçësa ning mati, bala malayw a, -larut prasama ajrih.

340. Ana amurug tiba ring jurang-jurang, ring ëndut ana ring rwi, anëng amban-amban, kadi pati ning luwak, rinuruh de nikang ari, ana ring gihā, angët urip angëpil.

341. Pinëjahan sing këna den ëntekëna, -pan kasëngitnyëng uni, duk paratranira, çrī Juru ring paprangan, tinigas dene wong Bali, katut tinawan, tēkëng karṇābharāṇi.

342. Çësa ning mati polih andungkap palwa, ya ta datëng eng Bali, tumuli awërttā, paratra ni sang tuhan, bhraṣṭa punang balamantrī, çësa ning pëjah, byaktākidik ngombali.

343. Kyayi Manginte matur i jëng sang nātha, jumurug eng jro purī, jātyan ing awërttā, bhraṣṭa ning balamantrya, wyakti akidik kang kari, mangke tan ana, *sinoman* eng nagari.

Z a n g V (S i n o m).

1. Saprāpta nikang awërttā, katur i jëng çrī bhūpati, sang nā-thālara angepon, sësëk ing citta tan pangling, lëwih lara ning rabi, -nira sang umor ing sadyuh, nibanira kantaka, umyang tangis wong jro purī, drës nikang luh, tan pendah riris Kārttika.

2. Sawong ing karang, kapatyan, lara prasama anangis, lënglëng tan ana rat katon, pëtëng rasa nikang ati, sambat-sambatnyāmlas-sih, duh dewa pangeraningsun, paran siluhung ing wong, pakanira karyëriki, lah ta dudu, -tën ingsun ayo alawas.

3. Kadyangga ning trṇāngkura, luru katikṣṇan ing rawi, palar-palarën ya rëko, māghānta tiba ning riris, yan cātakëng açuji, prāpta ng jaladāmëm jawuh, erang tambwang ing wulan, waluy amadangi kāpti, ingsun pangeran karya angajap tawang.

4. Ndan sang aniba kantaka, tinulung mangko anglilir, yaya tan pajiwa katon, wadanāwënës smu wilis, awlas kang aningali, kaya-kaya tumut hantu, mangkin kang tangis sumyok, wyakti karungu eng yawi, kadi guntur, kang angrungu samālara.

5. Tangeh yan ucapakëna, lara ning kapaten laki, patih Manginte angepon, tan wr' ing polahanirëki, kangën sang maty eng Yawi, nagarātis-tis asamun, akeh mantrī paratra, kapingrwa rusak ing mantrī, duk ing dangu, rusake pun Lo(h)-Akārya.

6. Pintën dina kāla lama, -nira sang anahën wingit, makādi sira sang katong, çayan lipur larëng ati, dene ana umijil, anak sang umor ing sadyuh, kakung sira mijila, yatika pinula-pali, de sang prabhu, mingu ingupakāra.

7. Winowong dinama-dama, pinaarja den abëcik, kang rare aran ki Bogor, apan sang bapa ing uni, dukirāprang ing Yawi, asalah sañjata sampun, alawas punang kāla, pëjah kya Manginte patih, wontën sūnu, -nira karo gumantyan.

8. Si Widyā kang apanuha, si Praṇawa pamuragil, warnanirā-pëkik anom, kang wadwa mangko pinalih, kehën wadwa de aji, si Widyā jumëñëng Agung, Di-Ler si Apraṇawa, sira ta pinatih kalih, dera mungguh, wīryane tan sama-sama.

9. Alawas-lawas kang kāla, paratra sira çrī aji, gumanti sang ari mangko, sira çrī aji Saganing, sëh prabhā ning amukti, puruṣa widagdhëng kahyun, kṛta punang nagara, tan ana ning bhaya wyādhi, pintën ing kāla lama tan kasopekṣā.

10. Kyayi Pinatih andaga, dwādaça wījy angreñcangi, wandhe tan tulus andaga, kyayi Agung amiyëri, na marmanya ingambil, kawulākidik kang kantun, kari asawëlasan, apan sanakirëng purī, kalap wadhū, drëman de çrī naranātha.

11. Wëkasan dalëm wālaka, nora sira abëbrësih, angwib(h)uhi karajasan, kyayi Ka-Ler kang arabi, cinorok de nṛpati, wëkasan adrëwe sūnu, anane nglurah Mambal, rajasa dalëm Saganing, kang putra Di-Ler sangang wījya kehira.

12. Panida Wayan-Kamasan, Këtut-Kamasan Tambësi, Sibëtan lan ing Sampalan, Tëgës Ubud ika malih, Basang-Kasa lan istri, lilima samāyu-ayu, kang ka dalëm sawījya, maputra sira sawīji, dalëm Di-Madhe panënggahirëng jagat.

13. Malih kocapa ring yawa, maring Singh'-hārṣa sawīji, maring

Sukahët sawijya, maring Bon-Tiris sawiji, ring Tambahan sawiji, kunëng sira kyayi Agung, wëkanira lilima, kakung panuha makādi, kyayi Këdung, malih kyayi Kalang-Añar.

14. Malih kyayi Batu-Lepang, Basang-Tamyang sira malih, wungsu kyayi Karang-Amla, kocap titiga kang istrī, strī Bakas minakādi, Kacang-Pahos sami ayu, kalawan istrī Mimba, ndan kocapa ta çrī aji, walat kahyun, angambah istrī larangan.

15. Ndan kyayi Di-Ler wihikan, rinajasan punang rabi, harša ta sira anganggo, rinasa swecchā tan sipi, dinama dera kyayi, ken Mambal ingangkën sūnu, kunëng çrī naranātha, sugih rëndah sira malih, krta kang jagat Bali norāna wighna.

16. Kweh ing putra çrī narendra, pat-bëlas istrī sawiji, panuha ta sira mangko, kang lanang sira kakalih, mijil saking bëbëcik, dalëm Di-Madhe kasumbung, lan raden Karang-Amla, ro-ras kang saking panawing, darah uyut, dalëm awet amuktia.

17. Wëkasan kyayi Kamasan, sira ta mangko abuñcing, amarëk ri jëng sang katong, ngaturakën tumpëng guling, harša çrī narapati, wastu kitāanak ayu, aturakën iringong, ngong alapën makaistrī, kang anawung, ature sandikanira.

18. Tan simpang andikanira, wëkasan asuta istrī, warñane listw-ayu anom, anak-çāstranira malih, nyayi Sëlat nirukti, ring rūpa guṇa tan punggung, satya sang apuputra, katur i jëng çrī bhūpati, harša sang nātha tan-sah amaran-wulat.

19. Ande sëkar sami sëkar, dalëm tandingën lan (n)yayi, pan ardha lëwas sang katong, nyayi strī kadi wārşikī, kumudu durung minging, pamulw ajënar alëmbut, kadi mas wus ingapon, wëkasan mëkar nëdëng mrik, sang aulun, gëgëh tan wënanng malapa.

20. Wet ning sampun kalingsiran, anuli lina çrī aji, anakira gumantyaana, jumënéng ratu ring Bali, sira angalap nyayi, papacangan ing sang guru, mangke malih kocapa, pañjënëng çrī narapati, krta kang jagat pagëh saparikrama.

21. Wibhuh kang jagat subhikša, katëkëng wukir jaladhi, amurah sarwa-tinukon, samāngalëm çrī bhūpati, angalap sira rabi, mimisanan saking wadhū, nyayi strī Peling karo, nglurah Sukahët aputrī, nyayi Pacëkan putry anglurah Kaleran.

22. Malih ken nyayi Tangkëban, kyayi Agung makaputrī, kaparahira amindon, lilima kang ayu lëwih, wīryaṇa tan pingging,

pañcakanyā piniturun, lwir langë ning basanta, Kārttika bhayāngut-pëtti, awah rum-rum, amangun rāga turida.

23. Dwāwingça strī çrī narendra, kšatriya anak ing mantrī, wayahira anom-anom, ngayang-ayang ngrawit-rawit, pantës isi ning purī, mënggëp sasolahe luhung, sama wrüh apalapan, ing kakung ngenaki ati, çrṅgārārum, atut sararas ing priya.

24. Ndan kyayi Agung paratra, anaknira anggantyani, jumënéng Agung kinahot, tan ilang raras eng uni, kadi solah ing rawit, kyayi Di-Ler kary awuyut, durung sira paratra, asalaha pamuktyan sami, kyayi Panida gumanti amuktia.

25. Kyayi Këdung tan paputra, amupu putra sawiji, kaparnah anak samëton, ring Kalang-Añar den ambil, kunëng sang bapa nguni, kapëcat dene sang prabhu, dene anambat Jirah, kālānira anëng purī, wandhe kapëcat dene karangkeng ika.

26. Marmanira ingampura, kunëng arinira kari, darah aputra sang katong, raden Pambayun kakasih, parnah puyut kang cili, ingampin sira ring duhung, kang anāma ki Gëlap, jāga kris seje den sungi, cili puyut, malër kris iku kang këna.

27. Lingira ki puyut wrddha, ambil uga kris puniki, tan këna seje den winong, bhaya i bagus ndrëweni, ri wëkas-wëkas malih, mur ta sira kyayi puyut, apan wëkas ing wrddhah, kunëng pandiri nrpati, çayan wibhuh, lwir wulan kāla pūrṇamā.

28. Kang mantrīnira sadaya, sama angelingi linggih, Pinatih mwang Tiris-Kubon, kyayi Agung minakādi, tan-sah sira sang ari, kyayi Panida umungguh, pinakabāhudaṇḍa, papat sirādi ning linggih, mañca agung, wīryane tan sama-sama.

29. Kunëng malih ri wëkasan, pintën dina kāla lami, pëjah kyayi Agung karo, anakira kang gumanti, manggala nikang linggih, kyayi Agung-Di-Madhe umungguh, kyayi Agung-Pacëkan, kalih arinira kyayi, Agung-Kidul, pangarëpira gumantya.

30. Malih wöntën sanakira, akakasih kyayi Lambing, kyayi Bon-Dalëm kang anom, titiga sanakira strī, maring purī sawiji, ring dalëm Karang umungguh, ana ring jro Kabetan, kunëng kyayi Agung-Rukmi, mangko uwus, wrddhah pwa sasanakira.

31. Sok kyayi anglurah Mambal, sira mangko kary awilis, lwir Bhīmāpan ajëjenggot, nganggo mantra Bhīmaçakti, norāna den

keringi, kuněng anak kyayi Tatur, kyayi pun Pūrñadeça, apėkik norānandingi, arinėku, kyayi Pring lan kyayi Batan.

32. Ndan kyayi Kėtut-Kamasan, Undisan anakirėki, kyayi Sibėtan anak A, -lit-Bungahya akakasih, malih arinirėki, Toñjaha Macang lan wadhū, kalap de kyayi Duda, raden Lor ngalap sawiji, kuněng malih, anake nglurah Sampalan.

33. Kyayi Dawuh kyayi Kawwan, kalawan ta kyayi Dangin, kyayi Cėluk kya Lod-Pėkėn, kyayi Batu-Lepang malih, awėka patang wiji, sami sira pada kakung, pun kyayi Kacang-Dawa, kalawan kyayi Buringkit, kyayi Ujung, makādi kyayi Wayahan.

34. Kyayi Jalantik kocapan, tinilar eng bapa nguni, wus tyakšā-matang palugon, Jlantik-Bungahya nāmani, wyakti ya kading rawit, nīti angayap sang prabhu, manggėh dera sang nātha, kuněng kawarṇaa malih, putune pangeran kyayi Pāṇḍe-Bhāṣā.

35. Anake kyayi Wayahan, -Byasama tinilar nguni, sira ta pinupu dene, wayahira sakėng bibi, duk rusake ing uni, pinalayokėn kang ibu, mantuk maring Singh'-hārṣa, kuněng mangke wus giningsir, ikang putu, ginėnahan eng Sibėtan.

36. Kabhṛtya dene anglurah, Singh'-hārṣa-Panėngah iki, towi pan amimisanan, saking pradhāna sirėki, apan kawėka deni, -ra pangeran Gunung-Agung, wėkānglurah Antiga, wėka Panataran saking, Tulus-Ayu, wėkas wangça ārya Wangbang.

37. Panataran amangkua, Pinatih gumanti patih, tunggal mūlanira rėko, kuněng kawarṇaa malih, Brang-Singha Tangkas kyayi, Paga-tepan sira tuhu, Kanuruhan ta sira, Badung Tabanan Kėñcėng ta, sira mungguh, Kapal Dalañcang ta sira.

38. Buringkit lan Kaba-Kaba, tuhu Bėlog sira kalih, Sukahėt lan Pring Cagahan, Wangbang ta sira katrīṇi, kuněng Kuṭa-Waringin, Kubon-Tubuh candyan iku, wīrya kadi ring kuna, Pangalasan Jalantik Ma, -nguri Dawuh, kalih sira sama-sama.

39. Tan-Kobėr sira asėma, ring Pacung Tan-Kawur malih, asėma ring Abyan-Sėmal, Tan-Mundur asėma munggw ing, Cacaha kuněng mantrī, saking Gajah-Para mungguh, sira anėng Toyāñar, ndan kocapa ta çrī aji, çayan wibhuh, siniwīng mantrī sadaya.

40. Kuněng sang siddhapañḍita, wus ilang sira karihin, mantuk ing çūnya tan katon, anakira kang gumanti, tan ilang kading rawit,

makādi sang ing Kamėnuh, mwang sang ing Pagulingan, malih sira sang ing Peling, sang ing Manuh, -Aba sang ing Padang-Rata.

41. Malih sira sang ing Mambal, miwah sira sang ing Sangsi, sang ing Siku Kacang-Pahos, sira Ĕmpu Padang-Runtik, sira Patāpan malih, sang Boddha-Tiga sirātut, tan ilang parikrama, tṛpty angut-pėtti çrī aji, embuh wibhuh, kṛta kang jagat subhikṣa.

42. Amung homa nora ana, kuněng kawarṇaa malih, sawijanira sira kryan, Manginte mangkin awṛddhi, apan sėdėng amukti, kuněng sawarga Batan-Jruk, samy akingking alara, sirāñuhun añañangkil, kadi tarū, -lat-alot anganti udan.

43. Wijane saking Ñuh-Aya, tumut kalampėt akingking, mūlanira asamėton, pipitu rakwānėng uni, Patandakan makādi, arinira sami atut, Satra lan ing Pelangan, Kaloping Akah tan kari, Cacaran Anggan sira sampun paratra.

44. Mangke sasantānanira, prasamālara akingking, adudwan angungsi ĩnggon, ring Batu-Aya Parasi, Subagan Tamega Nis, Pladung Padang-Kṛtālarut, anādoh ing Toñjaha, Wungkulan Paket Sanggahit, kurang sangu, sawwantėnnya amamasar.

45. Tan wasitakėna muwah, Batan-Jruk alara miskīn, kuněng kawarṇaa mangko, sang anandang Bhīmaçakti, polah tanpa pakering, ajrih punang wong andulu, tėkan ing çabda sogol, akas rasa nikang ati, apan sinung, nugraha dera sang nātha.

46. Dadi ta atakon swarga, ring sira sang apalinggih, Manuh-Aba kang den ĩndog, tinuduhan de sang řṣi, kang swarga den ulati, lamon ana bėnėr kidul, lėyėp tan katon deça, lajw asamaya sang řṣi, ang-lėbok sāgara tėkėng panamaya.

47. Ingandėg dera sang nātha, wurung mangkwānglėbok pasir, wėkasan de nglurah rėko, katiban gring andhabhūti, suwya tan pangawasi, pati gabag pati purug, tan-dwa çrī pāñḍya prāpta, atakon mārğa ning agring, sumahur ken anglurah sada sārjawa.

48. Sapa-sintėn si punika, sang Kėtut-Nuh-Aba iki, singgih ling sang mahāwidon, ken anglurah matur aris, mindah manira iki, ingstan tan bontėn andulu, lingira sang māwidon, kabutan kapo gring iki, de nglurah wani tutuh nggen tamban ika.

49. Manira wani pangeran, lingira sang mahāyati, kaapkap sawėlas bidang, mica (of: mīca) sa-likur den pipis, den saringa den

pasti, de nglurah matur angaduh, ajrih kapo manira, angr manira ngembarin, wong angamuk, atangkis tameng lan pëdang.

50. Ah de nglurah masādhanan, wani yaya ke ngembarin, wong angamuk nganggar pëdang, atangkis tameng ke wani, tutuhe kapo iki, buka tong ngaba gigingsul, pradene nglurah jriha, sumahur de anglurah ma, -nira purun, sarūpa n tutuh dak lawan.

51. Tumuli tinutuh sira, akeh kang triyak umijil, ilang gringe awas katon, tan sipi sukha ning ati, ana denira uni, kawës denira sang bhikṣu, Agra-Wetan amapag, masādhana Wiṣṇu mūr̥ti, pati purug, malayu katon rākṣasa.

52. Kunëng sang çrī mahāpāṇḍya, putus sarasa ning gati, kot-tamanira sang widon, sarusit-rusit ning aji, kadi ring gīta Bāli, -sanghāra dadi kaatur, denirākārya gīta, pinalungguh sang māyati, de ning praantënira çrī naranātha.

53. Punapa rëke sanghāra, nagaranira nṛpati, sumahur sang mahāwidon, bontën sapunika nini, aturakëna nini, sanghārāngaran papupul, bāli ngaran wiçësa, maman puniki anggurit, papupulan wiçësa aturakëna.

54. Mawantun punang otusan, matur ing çrī narapati, sang nātha angucap alon, salah tanpa ing ngong iki, lah patulaka iki, matur i jëng sang mābhikṣu, anëda sinampura, bajrawiṣa den maryani, lah aturana sira jinah rong lakṣa.

55. Nggenira patumbas canang, punang otusan mawalwi, matur i jëng sang māwidon, wus katur ājñā nṛpati, saha jinah rong añcing, sang pāṇḍya alon sumahur, atura sun anëda, ring sira çrī narapati, lëbar punang otusanira sang nātha.

56. Tumuli atatampahan, dharmacaruban den sengi, rame umuni kang saron, swarane angalik-alik, apan mangkana purih, -ira sang çrī mahābhikṣu, nangkën prāpta ng wewehan, tan kawaça animpëni, artha atur, -an yan nora kāryanira.

57. Tan tunggal kasiddhyanira, wruh sira ring tarka aji, pangawe pañjalāntara, mwan pangrët laku ning rawi, açwaçikṣā makādi, pangrët ikang guntur agung, tan-sah kinantinira, sang pamanira sang yati, sang Agra-Wetan kaniten wijilira.

58. Ajrih punang sarwa-galak, sarwa-edan sami ajrih, wyakti sira

butul panon, wruh sirëng dharmopapati, duk ing rug ing nagari, pañ-jënëng çrī aji Bëkung, rusak ken Pāṇḍe-Bhāṣā, sang pāṇḍya wus sira wikan, amuluku duk kalah Parwa ring Sasak.

59. Sira ta milët mangkata, duk sanake Tëgëh-Kori, pëjah kang aran si Munang, don ing ana ta kinārdi, susumbang Parwa-sāri, Tabanan-sāri ring dangu, sira marëng Çāmbhawa, pinupu mantu sang yati, kara ning wontën aran raden Pangeran.

60. Mimitan ika ana ra, -kwāyam jago sëring polih, arëbut kang wong anglawan, den sëngguh tan wruh atangkis, kalih sira sang rṣi, widagda sirāngatëmpur, durung ta sira alah, wontën bulu jalak kuning, dereng sëdëng adu durung tutug srawah.

61. Dady engadu de anglurah, Sukahët apan awëgig, dady alung këni kagebog, ayam ika anggulingting, de nglurah tur anolih, ngolehang sira sang bhikṣu, laju sira ka tëngah, ingatat-atat kampil ing, ayam iku, dady ajujuk rigah-rigah.

62. Jrih nīaruyung ring kurungan, kagebog dene nglawani, walik dadi këna bahong, kang anggebog dadi mati, mënang ki jalak kuning, wëkasan malih kaadu, sapih ika manglawan, ayame dalëm palinggih, pinrayogan kabut tang rambut sanunggal.

63. Susuk ing ayam tinalyan, denira dalëm palinggih, yan nora mangkana kawon, ayame dalëm palinggih, ndan kawarṇaa malih, nglurah Singh'-hārṣa-Panggulu, ken Sena nāmanira, prajñan ta sirëng çāstrāji, awor lan çāstranira sang ing Singh'-hārṣa.

64. Bëcik rūpa ning akṣara, kunëng sanakira malih, kyayi Dangin kya Tahuman, kang kawit denira kyayi, Yeh-Mumbul kawëka de, -nira kyayi Gunung-Agung, sira kawëka dene, kyayi hyang Taluh sira kya, -yi hyang Taluh, wëka kyayi Panataran.

65. Sira kyayi Panataran, asanak sira len bibi, kalawan kyayi Toh-Jiwa, sira ta asanak kalih, kawëka dene kyayi, kang atënggran Tulus-Ayu, ika ring Panataran, Bañak-Wide sanaknëki, sira ta mimitan ing Pinatih ana.

66. Sira wëka ārya Wangbang, kang wahu prāpta ing uni, mūlanya wangça kinahot, kunëng kawarṇaa malih, paratranira kyayi, hyang Taluh sira sinuduk, olih ikang pra menak, atukar anglawan kyayi, Gunung-Agung, dadi sang bapa pinatyan.

67. Kang anak nora ring umah, prāpta kang anak tumuli, 'ndëh

anut buri punang wong, kang wanglâmatyani rawit, kyayi Di-Ler sirâglis, nguwakang (of: nguwak kang) pra menak iku, mangko sampun binasta, ěnti runtikira kyayi, Gunung-Agung, lagi ring mârğa pinatyan.

68. Ndan sirânglurah Singh'-hârşa, -Pamadhe aniga puri, ring Muñcan ring Kacang-Pahos, ring Singh'-hârşa minakâdi, kâlanira anangkil, ring Gelgel sira umunggu(h), ana ring Kacang-Pahos, kuněng kawarņa malih, ken Batan-Ñuh, Jumbuh rakwa nâmanira.

69. Sira ta apasih-sihan, kalawan kyayi pinatih, marmane suměndi mangko, kyayi Perot masěletin, pan bobotoh ngulěsir, tinilar ing bapa dangu, sinengan de sang nâtha, sasanakanira sami, angaturakě kris lawan pacanangan.

70. Apan pasung çri narendra, sami tan kanggyânggatyani, anuli angling sang katong, ana ta sanakaněki, ki Jumbuh nâmaněki, tumuli ingundang asru, kapanggih ring pajudyan, wirang sira angulěsir, tanpa duhung, ambogol karo lañcingan.

71. Ken pinatih Perot wirang, winehan añělang kěris, lumaris maring pangastryan, sadâdoh dene alinggi, lingira çri bhupati, merene parěk lan ingsun, angapa wani kita, ken Jumbuh umatur aris, kawula wani lingira çri narendra.

72. Kita mangke gumantyana, lindihin bapanta iki, sasanakta kita kanggo, amiçesa kalawan kris, cananganisun iki, lějar manahe ki Jumbuh, amit i jěng sang katong, kang kěris sinělang uni, den aturakě kyayi Perot ananggap.

73. Tur sira asung sambâda, dene owahana buddhi, aja lwir wingi bangiwen, yatna-yatna kita iki, sang liningan nahuri, sandika n kyayi sun turut, tan kathâkěna mangko, Batan-Ñuh malih amukti, ndan sang prabhu, krta wiryanirěng jagat.

74. Ādi paramârthaçiwa, mangko ta sira alinggi, munggw ing rājapurāṇa srat, mas tatur sira siniwi, tan adoh gagaman i, -kang Wila-Tiktâněng dangu, de hyang parameçwara, solah krama ning nâthâdi, tan-sah kalpikanira nīlapangkaja.

75. Kalih kalawan wedūrya, kang rupěk umunggw ing tuding, anting-anting mantě ijo, kendit de Ularan uni, pun rakwa amakolih, karṇābharāṇa çri Juru, malih khaḍga sang katong, ṣaḍgaṇāmatyani ari, punang Titinggi mawak Kāladangaṣṭra.

76. Nguni duk pināḍyēng alas, gēsēng kang alas lwir dagdhi, bhraṣṭa ya tēkēng kadaton, kukus lwir limut naputi, prāpta ing Maja-Pahit, ginurinda punang duhung, pějah pāḍyāngurinda, mulu kang mata kawingsil, alawas-lawas katēkēng Bali-rājya.

77. Sinudukakě ra bande, -ça Nongan kadi titinggi, wijil ing rah awas katon, pějah de bandeça malih, katattwan ikang kěris, si Lobar rakwâněng dangu, sira kryan Gajah-Mada, lunga aněng wana giri, abuburu, kagyat tumon ing wiyāghra.

78. Wijil ing çabda ih lo bar, kañcit katon punang kěris, tumaněm prāṇa ning macan, tinut ing paněnggraněki, si Lobar tēkang kěris, si Tanda-Langlang ring dangu, sirěp ikang langlangan, ginoret pādanya samy a, -ngěmasy hantu, athā tinut ing paněnggran.

79. Malih kacaritan ikang, khaḍga si Nāga-Bāsukih, si Bangawan-Canggu sama, uragāstra ika kalih, Takṣaka ingutpětti, piniḍa khaḍgâněng dangu, nēhěr tinut ing aran, kuněng katattwan ikang kris, Gañja-Dungkul, dungkul kang çatru pinaran.

80. Mangkana khaḍgāstranira, sang kadi hyang Dharma mūrta, janānurāga sang katong, jayěng çatru niṣ tang juti, sapun-punan samy ajrih, gēnėp wwalu hyang apupul, ry angganira sang katong, kang ginělar sāri-sāri, kadi singha ring alas aněb kayunya.

